

Къаныкъуэ Заринэ и пьесэм Красноярск къыщоджэ

2-нэ нап.



ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

3-нэ нап.



ЩакIуэмрэ бзу цIыкIумрэ

3-нэ нап.



КIуэдыжыпэнкIэ шынагъуэ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№133 (24.259) • 2021 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 9, гъубж • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru



ЗгъэзэщIа ролхэр сщыщ Iыхьэ хъуащ

4-нэ нап.



## Мылэжьэгъуэ махуэхэр иухащ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIа «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэм щыжиIащ республикэм мылэжьэгъуэ махуэхэм къызэрыщыпамыщэнур.**

- ИУЖЬРЕЙ тхьэмахуэм ди щIыналъэм сымаджэхэм я бжыгъэм зыхъуэжыныгъэшхуэ щигъуэтакъым. Вакцинэр зыхезыгъалъхьэхэр нэхъыбэ хъуащ. QR-кодыр къызэрагъэсэбэпымрэ узыфэм пэщIэтынымкIэ щыIэ санитар хабзэхэр зэрагъэзащIэмрэ адэкIи кIэлъыплъын хуейщ. Республикэм щекIуэкI гъащIэр къызэпыдуду мылэжьэгъуэ махуэхэм къахэдгъэхьэну дыхуейтэкъым, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

ЩIыналъэм и Iэтащхьэм зэIущIэм хэтхэм пщэрылъ ящищIащ вакцинэр зыхегъэлъхьэным узыфэм пэщIэтынымкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр жылагъуэм я деж нэхьэсынымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм адэкIи къыпащэну.

ЗэIущIэм щыжаIащ жэпуэгъуэм и 8-м щегъэжьауэ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэми сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ зэкIуалIэ спорт школхэми я зыгъэпсэхугъуэ махуэхэр и кIэм зэрынэсар. Мылэжьэгъуэу ягъэува тхьэмахуэр зэфIэкIащ: IуэхущIапIэ псори я лэжьыгъэм пэрохьэж.

А псом къадэкIуэуи, жэпуэгъуэм и 20-м КъБР-м и Оперштабым санитар-эпидемиологие мардэхэм теухуауэ къищта хабзэхэр гъэзэщIэным ткIийуэ тетыпхъэщ. Щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм, шхапIэхэм, хьэщIэщхэм, кIапсэ гъуэгухэм, бассейнхэм, спорт пэшхэм, фитнес-центрхэм, зыщагъэдахэ унэхэм укIуэн папщIэ QR-код е ПЦР-тест птауэ, коронавирус къызэромыузым и щыхьэт тхылъ уиIэн хуейщ. Апхуэдэу ахэр яIэн хуейщ пэш зэхуэщIахэм щIэту Iэтауэ ЗАГС-м и органхэм зи нэчыхь щезыгъэтххэми. ЦIыхухэр куэду щызэхыхьэ щIыпIэхэм нэкIуIупхъуэр къыщыгъэсэбэпыпхъэщ, гъунэгъуу зэбгъэдэмыхьэну, я Iэхэр щIэх-щIэхыурэ дезинфекцэ ящIыну къыхураджэ.

Колледжхэм (лицейхэм), щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт IуэхущIапIэхэм егъэджэныгъэ Iуэхур еджапIэхэм емыкIуалIэу ирагъэкIуэкIынымкIэ Iэмалхэр къыхалъхьапхъэщ. Апхуэдэуи Оперштабым къегъэув а IуэхущIапIэхэм цIыху куэд зыхэт зэхыхьэхэр къызэрамыгъэпэщыну.

Мылажьэхэр, вакцинэхэр зыхезымыгъэлъхьахэр (медицинэ щхьэусыгъуэкIэ хущхъуэр зрамыхьэлIахэри яхэту), зи ныбжьыр илъэс 60 хъухэр икIи нэхъыжьхэр, апхуэдэуи мазих ипэкIэ коронавирус узыфэ зэрыцIалэр зыпкърытахэр унэм къыщIэмыкIыу щIэсын хуейщ, Iэмалыншэ дыдэу зыщIыпIэ кIуэн хуей мыхъумэ.

IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм вакцинэр зыхезымыгъэлъхьахэр (медицинэ щхьэусыгъуэкIэ къэнахэр мыхъумэ) IэнатIэм пэIэщIэ ящIын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, илъэс 60, абы нэхърэ нэхъыбэ хъухэу тхьэмбыл, гу-лъынтхуэ, эндокриннэ узыфэхэр зиIэхэр тхьэмахуи 4 - 6-кIэ IэнатIэм емыкIуалIэу ягъэлэжьэну щытыкIэхэр къахузэгъэпэщыпхъэщ, COVID-19-м зэрыпэщIэт вакцинэр зэрызыхрагъэлъхьэным зыхуагъэхьэзырын папщIэ.

Коронавирусым зэрыпэщIэт вакцинэр зыхрагъэлъхьэн папщIэ республикэм щытыкIэ псори къыщызэрагъэпэщащ. Республикэм мастэр щыхалъхьэ IуэхущIапIэу 83-рэ щолажьэ. Хущхъуэр ирахьэлIэн хуейщ цIыху 529 301-м. Вакцинэм и пкъыгъуитIри зыхезыгъэлъхьахэм я бжыгъэр 149 975-рэ мэхъу.

Иужьрей жэщ-махуэм, щэкIуэгъуэм и 8-м, Къэбэрдей-Балъкъэрым ПЦР-тест щызытахэр 2623-рэ мэхъу, узыфэр япкърыту сымаджи 133-рэ къахутащ. Компьютер томографхэмкIэ я узыншагъэр къапщытащ цIыху 340-м, вирус пневмоние япкърыту къагъэлъэгъуащ 224-рэ. Госпитали 6-м гъуэлъыпIэ 1613-рэ щIэтщ. Иджыпсту абыхэм щагъэхъуж сымаджэ 1500-рэ, абы и ныкъуэр лъышэр (кислород) я дэIэпыкъуэгъуу ягъэбауэ. Реанимацэм щIэлъщ 156-рэ, абы щыщу 18-р ИВЛ, 112-р НИВЛ аппаратхэм пыщIащ. Коронавирус узыфэ зэрыцIалэм цIыхуи 8 илIыкIащ. Амбулаторэ кIэлъыплъыныгъэм щIэту загъэхъуж цIыху 5384-м. Хъужахэм я бжыгъэр 104-рэ мэхъу.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

• Туризм

## Гъэмрэ щIымрэ я зэхэкIыгъуэм

**«Iуащхьэмахуэ» курортым гъэ екIуэкIым и хуабэгъуэ лъэхъэнэм зыщызыгъэпсэхуахэм я бжыгъэр мини 176-м щхьэдэхащ. Ар тIукIэ нэхъыбэщ 2020 гъэм и апхуэдэ зэманым зэрыщытам елъытауэ.**

ЗЭРЫЩЫТУ къатщтэмэ, дызэрыт илъэсым и мазибгъум къриубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым туристу къэкIуахэм я бжыгъэр мин 840-м нэблэгъащ. Ар тIукIэ нэхъыбэщ нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм кърикIуам елъытауэ. Ауэ щыхъукIи, зэрыхуагъэфащэмкIэ, дызэрыт илъэсыр иухыху ди республикэм зыщызыгъэпсэхунухэм я бжыгъэр, псори зэхэту, цIыху мелуаным щIигъунущ.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым туристхэр гъэмахуэ мазэхэми мычэму къакIуэ зэрыхъуар къыхэкIащ ахэр къызэрыдэтхьэхыфын Iуэхугъуэхэм кIуэ пэтми зэрызедгъэубгъум. Псалъэм папщIэ, ди республикэм щIэгъэхуэбжьауэ зыщыдогъэужь туризмэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэу иджыри къыздэсым дызэгугъуу щымытахэм, «Налшык» зыгъэпсэхупIэм узыншагъэм хуэщхьэпэну щыIэ и зэфIэкIыми дызэдегугъуу хэдгъахъуэ зэпытщ. Дауи, мы зэманым дэнэкIи зыщызыубгъуа уз зэрыцIалэм гъуэгу зэредмытыным къыхэкIыу, дэ хэпщIыкIыу дгъэмэщIэн хуей хъуащ цIыхухэр куэду щызэхуэс Iуэхугъуэхэм я егъэкIуэкIыныр. АрщхьэкIэ, ди гуапэ зэрыхъунщи, дэ ди куэдщ уэс щытемылъ лъэхъэнэми жьы къабзэр щебэкI къуршылъэ щIыпIэхэр, мэз щхъуантIэхэр, зыгъэпсэхупIэ зэлъыIухахэу псэр зыгъэгуфIэхэр», - жеIэ «Кавказ Ищхъэрэм и курортхэр» АО-м и унафэщI ТIымыжь Хьэсэн.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, жэпуэгъуэ мазэм КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ Iуащхьэмахуэ лъапэ щыщыIам, а щIыпIэр бгы-лыжэ лъэхъэнэм зэрыхуэхьэзырыр къипщытащ. Абдежым абы щызэхигъэкIащ гъэм и щIыIэгъуэ лъэхъэнэм бгыжь уардэм и лъабжьэм зыщызыгъэпсэхунухэр лъэс лъагъуэхэмкIэ «зэрыщагъэгуфIэфыну» щIыкIэр зыхуэдэри, хьэщIэу къахуэкIуэхэм я автомашинэхэр здагъэувыфын екIуэлIапIэщIэхэмкIи Iэшэлъашэр къызэрызэгъэпэщари.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**



## Къалэ транспортым и зекIуэкIэр яубзыху

**КъБР-м и Парламентым Промышленностымкlэ, транспортымкlэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкlэ и комитетым и зэIущIэм убгъуауэ щытепсэлъыхьащ Налшык къалэ цIыхухэр къыщезышэкI транспортым пыщIа гугъуехьхэмрэ ахэр гъэзэкIуэжа зэрыхъуну щIыкIэхэмрэ.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ **Жанатаев Сэлим**, депутатхэр, Налшык къалэ администрацэм, министерствэхэм, нэгъуэщI къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, ЩIалэгъуалэ палатэм хэтхэр.

Iуэхур щекIуэкI комитетым и унафэщI **Байдаев Сэлихь** зэIущIэр къызэIуихащ. Абы жиIащ транспорт IэнатIэр иджырей мардэхэм изагъэу, шынагъуэншэу къызэгъэпэщын зэрыхуейр.

Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Тонконог Анатолий** жиIащ къалэм жылагъуэ транспортыр зрикIуэ гъуэгу 32-рэ зэриIэр. ЩыщIэныгъэ гуэрхэр щыIэми, къалэм и куей нэхъыщхьэ псори транспорткIэ зэпыщIащ, зы фIэкIа зумыхъуэкIыу къалэм и дэнэ щIыпIи узэрынэсыфынур къыхигъэщащ къэпсалъэм. А маршрутхэр ягъэлажьэ автотранспорт IуэхущIапIэу 12-м, 2020 гъэм абыхэм цIыху мелуан 18,3-рэ кърашэкIащ.

Тонконог къызэрыхигъэщамкIэ, транспортым епха Iуэхутхьэбзэхэм щIэуэ къыхыхьа Iэмалхэр и лъабжьэу къалэ маршрут сетри зэхъуэкIын, егъэфIэкIуэн хуейщ, абы иужь ихьащ къалэ администрацэр, икIи Iыхьэ-Iыхьэу зэщхьэщыхауэ елэжьынущ. Пэжщ, мы Iуэхум илъэс зыбжанэ текIуэдэнущ. Япэ ирагъэщынухэм ящыщщ маршруткэ цIыкIухэр автобусышхуэкIэ зэрызэрахъуэкIынур. ЗэфIагъэкIын хуей Iуэху нэхъыщхьэхэм хеубыдэ илъэсым и кIэ хъуху автобусыпщIэр ахъшэ хэмыту епту зэрызэтраухуэнур, «Тройка» транспорт картэр лажьэу зэрыщIидзэнур.

«Ищхъэрэ» автовокзалыр къызэрызэIуахар, дяпэкIэ абы икI маршрутхэр «ДыгъафIэ къалэ» сабий академиемрэ «Ипщэ» автовокзалымрэ кIуэуэ зэрырагъэжьэнур дыщIигъуащ Тонконог Анатолий. АвтовокзалыщIэхэм ехьэлIауэ цIыхухэм ягу ирихьэмрэ-иримыхьэмрэ ятеухуа гупсысэхэр зэрызэхахыр, ныкъусаныгъэхэр занщIэу ягъэзэкIуэжыну зэрыхэтыр жиIащ къулыкъущIэм.

МВД-м и УГИБДД-м и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Сухоручен кэ Дмитрий** къытеувыIащ гъуэгум шынагъуэ къыщымыгъэхъуным зэрелэжь щIыкIэм. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, иужьрей мазибгъум нэхъ мащIэ хъуащ цIыху къезышэкI транспортхэр хэту гъуэгум къыщыхъу зэжьэхэуэхэр. Къэхъукъащ Iэхэр нэхъыбэу къэзышэр цIыхухэр автобус къэувыIэпIэм намышэсу щхьэж щыхуейм деж щрагъэкIыну хьэл зэраIэрщ. Ар шынагъуэншэкъым.

«Ространснадзор»-м и къулыкъущIапIэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и къудамэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ **Кабардиков Алим** зэрыжиIамкIэ, 2021 гъэм къэпщытэныгъэ 334-рэ ирагъэкIуэкIащ. Хабзэр 2723-рэ къызэпаудауэ къыщIагъэщащ, административнэ тезыр тралъхьащ 2410-м. Апхуэдэу тезыру сом мелуани 5,6-рэ ятыну хуагъэувати, абы щыщу сом мелуани 3,3-рэ ирагъэпшынащ. Зытепсэлъыхь Iуэхум ныкъусаныгъэу хэлъым и гугъу щищIым, Алим жиIащ маршруткэхэр жьы зэрыхъуамрэ рулым дэсхэм я машинэ къехуэкIыкIэмрэ Iуэху мыщхьэпэ куэд къызэрырикIуэр.

ЗэIущIэм хэтахэм зэдэарэзыуэ къыхагъэщащ цIыхухэр шынагъуэншэу къешэкIыным, абыкIэ жэуап зыхь псори набдзэгубдзаплъэу щытыным, къызэгъэпэщакIуэхэм гъуэгум къыщыхъу псомкIи жэуап яхьыным, зэрызекIуэ хабзэхэр куэдрэ къызэпызыудхэр лэжьапIэ IугъэкIыным дяпэкIэ нэхъ ткIийуэ кIэлъыплъын зэрыхуейр.

КъыхагъэбелджылыкIа ныкъусаныгъэхэр и лъабжьэу КъБР-м и Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым тхылъ игъэхьэзыращ, къулыкъущIапIэхэм яхуигъэхьыну.

**КЪЭБАРТ Мирэ.**





## Мамыр гъащIэм и хъумакIуэхэр

**ЩэкIуэгъуэм и 10-м Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэм я лэжьакIуэм и махуэр ягъэлъапIэ.**

ТХЫДЭМ уриплъэжмэ, жыжьэщ махуэшхуэм и къежьапIэр. 1715 гъэм пащтыхь Пётр Езанэм Урысейм къыщызэригъэпэщауэ щытащ жылагъуэ хабзэр зыхъумэну IэнатIэ икIи «полицэ» фIэщыгъэр абы иритащ. «Къэралым кIэлъыплъын» мыхьэнэр зиIэ псалъэр алыджыбзэм къыхэкIащ.

1917 гъэм екIуэкIа Октябрь революцэм иужькIэ РСФСР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и цIыхубэ комиссариатым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ полицэр рабочэ милицэ хъуащ. ЯпэщIыкIэ ар щIыпIэ Советхэм я нэIэ щIэтащ, итIанэ Наркоматым хагъэхьэжащ, 1946 гъэ лъандэрэ Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм хэтщ.

Махуэшхуэр гъэлъэпIэн щыщIадзар 1962 гъэрщ - абы щыгъуэм зэреджэр Совет милицэм и махуэт. СССР-р лъэлъэжа нэужь Урысей милицэм и махуэ хъуащ. Апхуэдэу екIуэкIыурэ, 2011 гъэм гъатхэпэм и 1-м «Полицэм и IуэхукIэ» законым къару игъуэтащ, иужькIэ а гъэ дыдэм жэпуэгъуэм и 13-м УФ-м и Президентым къыдигъэкIа Указ №1348-м ипкъ иткIэ щэкIуэгъуэм и 10-р Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэм я лэжьакIуэм и махуэу ягъэуващ.

IэнатIэр зэрыщыIэ илъэс бжыгъэм къриубыдэу абы зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щекIуэкIащ, я къалэнхэм къыхэхъуащ, яхь жэуаплыныгъэри нэхъыбэ хъуащ. Шынагъуэщ икIи гугъущ хабзэхъумэ IэнатIэхэм щекIуэкI лэжьыгъэр. А IэщIагъэр къыхэзыхахэр бэшэчу, лIыгъэ яхэлъу щытын хуейщ. ЖыпIэнурамэ, къэралым щекIуэкI жылагъуэ гъащIэм и зэпIэзэрытыныгъэр куэдкIэ я фIыгъэщ УФ-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм.

IэнатIэм ехъулIэныгъэхэр къыщагъэлъагъуэу Iуэхум пэрытщ КъБР-м щыIэ МВД-м и лэжьакIуэ гупри. ЩIэпхъаджагъэ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщIэгъэщыным кIэ, экстремизмэм, терроризмэм ебэнынымкIэ я къару еблэжыркъым. Ахэр республикэм мамырыгъэр щыхъумэным я псэ емыблэжу пэрытщ. Абы и зы щапхъэщ, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 13-м Налшык и мамыр гъащIэр къызэтракъутэу къалэм къытеуа щIэпхъаджащIэ гупышхуэм я мурад бзаджэхэр къаймыхъулIэн щхьэкIэ а махуэм къулыкъущIапIэм Iута ди щIалэхэр зылI и быну икIи щхьэмыгъазэу къызэрыувар. А зэхэуэ гуащIэхэр къызэтегъэувыIэным, бзаджащIэхэм я гугъэр къызэпыудыным я псэр халъхьащ хабзэхъумэхэм ящыщу цIыху 35-м. Абыхэм я лIыгъэр, хахуагъэр къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ IэнатIэхэм пэрыувэ щIалэгъуалэм я дежкIэ щапхъэщ.

Сыт щыгъуи хуэдэу, Урысейм и МВД-м и лэжьакIуэхэр я махуэшхуэм IущIэнущ я къулыкъур ирахьэкIыу, жылагъуэм и мамыр гъащIэр хъумэныр къалэн пэрыту зэраIэр ящымыгъупщэу.

Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэм я лэжьакIуэм и махуэмкIэ къулыкъум пэрытхэми абы и ветеранхэми дохъуэхъу узыншагъэ быдэ яIэу, насыпым, фIыгъуэм, гукъыдэжым щымыщIэу псэуну.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.**

## Ди къуэш республикэхэм

### Егъэджэныгъэр йофIакIуэ



**АДЫГЕЙ. Ипщэ Федеральнэ щIыналъэм щыщыIэ егъэджэныгъэ ухуэкIэм и фIагъымкIэ къэпщытэныгъэр екIуэкIа нэужь, зи Iуэхур нэхъыфIу зэтеубла хэгъэгухэм яхэхуащ Адыгэ Республикэр.**

«АР ЛЭЖЬЫГЪЭ купщIафIэм къыпэкIуа хъерщ, - жиIащ АР-м и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат. - Дэ сытым деж и дыхущIокъу егъэджэныгъэ IэнатIэр иджырей пщалъэхэм хуэкIуэу, купщIэ, фIагъ лъагэ иIэу зэтедухуэну. Ар къыдэхъулIэмэ, къыдэкIуэтей щIэблэм я зэфIэкIыр къызыкъуахыну Iэмал яIэнущ, нэхъри абыхэм зрагъэужьыфынущ».

Адыгэ Республикэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI егъэджакIуэхэм ядэлэжьэнымкIи, абыхэм пIалъэ-пIалъэкIэрэ я щIэныгъэм хагъахъуэ, я IэщIагъэм фIыуэ зэрыхащIыкIыр щагъэлъагъуэ зэпеуэхэм хэтщ, егъэджакIуэ щIалэхэмрэ гупсысэкIэ куу зиIэхэмрэ курыт школхэм къраша лIэ.

УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа къэпщытэныгъэм къигъэлъэгъуар фIагъым и закъуэкъым, атIэ щыщIэныгъэхэри къыщIигъэщащи, апхуэдэ ныкъусаныгъэ мащIэри дяпэкIэ ягъэзэкIуэжыну я мурадщ.

### Гурэ псэкIэ ядоIэпыкъу



**КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. КъШР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Шаманов Казим щIалэгъуалэм щахуэзащ «Урысей зэкъуэт» волонтёр центрым. Абы щытепсэлъыхьащ пандемием и лъэхъэнэм волонтёрхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм, дохутырхэр зыIут IэнатIэм, волонтёр центрымрэ Узыншагъэр хъумэнымкIэ министерствэмрэ дяпэкIэ зэрызэдэлэжьэну щIыкIэм.**

ВОЛОНТЁР зэщIэхъееныгъэм псэ къабзэ зиIэ щIалэ, пщащэ куэд хэтщ. ИлъэситI хъуауэ щытыкIэм игъэгузавэ жылагъуэм яхузэфIэкIымкIэ зыщIагъакъуэ абыхэм. Псом хуэмыдэу дэIэпыкъуэгъу хуэныкъуэщ зи ныбжь хэкIуэтахэр, тэмэму земыкIуэфхэр, медицинэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэр.

ЩIалэгъуалэм телефонкIэ закъыпызыщIэхэм шхын хуахь, хущхъуэ къыхуащэху, псэуным ехьэлIа Iуэхутхьэбзэхэр хузэфIагъэкI. Апхуэдэу гурэ псэкIэ а Iуэхум иужь итхэм фIыщIэ яхуищIащ министрым икIи жиIащ абыхэм я IуэхущIафэхэр куэдым щапхъэ зэрахуэхъур.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

# Хэкум и Іэфlагъыр нэхъ зыщІэр абы пэІэщІэращ

*Нобэ «Адыгэ псалъэм» ди хьэщІэщ «хэхэс» цІэ жагъуэр «хэкурыс» цІэ лъапІэмкІэ пасэу зыхъуэжыфа, нэхъыщхьэращи, зыхъуэжу хущІемыгъуэжа ди лъэпкъэгъу Мэшхуэфl Нэждэт. Лъэныкъуэ куэдкІэ лъэпкъым Іуэху хуэзылэжьа, хуэзылэжь ди нэхъыжьыфІым ущепсалъэкІэ, и тхыгъэхэм ущеджэкІэ, хэкум кърит къарур, зэфІэкІыр, гушхуэныгъэр зыхыумыщІэнкІэ Іэмал иІэкъым. Нэждэт и тхыгъэ купщІафІэхэр, гупсысэ гъэщІэгъуэнхэр «Адыгэ псалъэ», «Адыгэ макъ», «Черкес хэку» газетхэм, «Зэкъошныгъ», «Псалъэ» журналхэм щІэх-щІэхыурэ къытрырегъадзэ.*

*Дунейпсо Адыгэ Хасэр къызэзыгъэпэщахэм яз, абы и Генеральнэ секретару 1993 - 1996 гъэхэм щыта Нэждэт иджы ДАХ-м и КъэпщытакІуэ гупым хэтщ. Хасэр илъэс 30 щрикъум ирихьэлІэу МэшхуэфІым депсэлъащи, ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ къыджиІахэм.*

**- Нэждэт, ДАХ-м и тхыдэр щІалэгъуалэм ящІэркъым. Уэ уащыщщ ар къызэзыгъэпэщахэми, сыхуейт Іуэхур къызэрекІуэкІам дыщыбгъэгъуэзэну. Ауэ нэгъуэщІкІэ къыщІозгъэдзэнут: уэркІэ сыт лъэпкъ Іуэхугъуэхэм я нэхъыщхьэр?**

- БлэкІа лІэщІыгъуэхэм къытхуахьа тхьэмыщкІагъэхэм адыгэр тІууэ дызэгуачащ. Лъэпкъым и нэхъыбэм хэкур зэрырагъэбгынам зи Іыхьэ мымащІэ хэлъ Уэсмэн империем адыгэр и щІым хьэдзэ зырызу дрипхъащ. Империер лъалъэри, хэгъэгу зэпэщхьэхуэ дыкъыщыхутащ. Хэхэсхэр иджыри зэ ягъэІэпхъуащ. Адыгэхэм аргуэру яхъуэжын хуей хъуащ я хэгъэгущІэр. Урысей империем къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэми хэкурысхэр зэпэІэщІэ ищІащ.

Иджы хэкурысымрэ хэхэсымрэ зэхуэныкъуэхэщ, зэхуэибхэщ. Зэлъэпкъэгъухэм ди гур зэхуоуз, ди хэгъэгухэр зыхэхуэ гузэвэгъуэхэм дызэдагъэгумэщІ, гуфІэгъуэ къащыдэхъукІэ - дызэдогуфІэ.

Пэжыр жыІэпхъэщи, ди лъэпкъым куэд и нэгу щІэкІащ, гъунэншэуи гугъу драгъэхьащ. Егъэзыгъэрэ гъэпцІагъэкІэ кІуэдыпІэ гъуэгум трашахэра нэхъ гугъу ехьар хьэмэрэ хэкум къинэныр зи насып къихьахэра? Нэрылъагъур - хэкурысхэм я насыпыр зэрытекІуаращ. Іыхьэ-Іыхьэу ягуэшами, лъэпкъыр къыщыхъуа адыгэщІыращ зытесыр. ЩыдэплъейкІэ, адыгэ уафэращ ялъагъур. Хэти щыгъуазэщ, хэкум къинэжар мащІэ дыдэт. Ауэ хэкур лъабжьэщ, лъабжьэр къарути, хэкурыс тІэкІум Урысейм хыхьэ республикэхэр яухуэн ялъэкІащ. Хэкурысращ бзэр ихъумэну, иригъэфІэкІуэну зи насып къихьар, уэрэдыжьхэр ноби зыгъэпсэур, усэщІэхэр зытхыр, уэрэдыщІэхэми дамэ езытыр. Гузэвэгъуэ щихуэкІэ, хэкурысыращ къэралыр и дэІэпыкъуэгъуу хэхэсым и хэку езыгъэгъуэтыжыр, хэхэсхэр апхуэдэхэм зэрадэІэпыкъур хэкур зыгъуэтыжахэм ялъэзыгъэІэсыр.

**- Хэкурысымрэ хэхэсымрэ зэзыпх ДАХ-р зэгъэпэща зэрыхъуам теухуауэ жаІэжхэмрэ ятхыжхэмрэ мащІэу зэщхьэщокІ. Уэ 1978 гъэм «Родина»-м къригъэблэгъауэ Тыркум къикІа япэ адыгэ лІыкІуэ гупым уахэтат. 1991 гъэм ДАХ-р къызэзыгъэпэщыну Налшык къэкІуахэм уащыщщ, Тыркум къикІа ди лъэпкъэгъухэм уратхьэмадэт. Абы ДАХ-м и тхьэмадэ къуэдзэу ущыхахат, ноби ухэтщ абы и КъэпщытакІуэ гупым. ДАХ-р ухуа зэрыхъуам теухуауэ сыт къыджепІэнт?**

- Зы тІэкІу нэхъ жыжьэкІэ къыщІэддзэнщ Залинэ. Хэти щыгъуазэщ и лъэпкъым хуэпэж, абы иригушхуэ, лъэпкъыр иригъэфІэкІуэным, игъэдэхэным хуэлажьэ лъэпкъыпсэ-хэкупсэхэр зэрыщыІэм. Абы дэщІыгъуи зыпІа лъэпкъым и псэр хуэзыгъэтІылъахэр зэрымымащІэри зымыцІыху щыІэкъым. Аращи, лъэпкъ Іуэхухэр зы нэрыбгэм е зы гупым зэфІахауэ жыпІэныр щыуагъэщ. Ауэ къохъу лъэхъэнэ зэблэкІыгъуэ, лъэпкъ насып къэгъэзэгъуэ. Насып къэгъэзэгъуэхэм лъэпкъым хуэблэжьым къыпэкІуэри нэхъ нэрылъагъущ.

Хэкум къинахэмрэ хэхэс хъуахэмрэ зэпэІэщІэ щыхъуа япэрей махуэхэм щыщІэдзауэ зэхуэзэшу, зэлъэІэсыжыным щІэхъуэпсами, дунейм текъухьа адыгэхэм я лІыкІуэхэр япэу щызэхуэсыфар 1989 гъэм жэпуэгъуэм и 21-рщ. Хэку бгынэр илъэси 125-рэ щрикъум теухуа, «Щэнхабзэ тхьэмахуэ» зыфІаща зэхуэсыр махуиблкІэ екІуэкІат. Зэхуэсым и бысымыр Анкара дэт Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ Хасэр арат. Адэжь щІыналъэм, Сирием, Иорданием, Америкэм, Германием, Тыркум и къалэ зыбжанэм къикІа лІыкІуэхэр зыхэлэжьыхьа зэхуэсыр дуней псом хуэгъэза мы псалъэхэрат къызэрызэІуахар:

*«Дывгъэухуэ дуней:*

*- А дунейм лъэпкъхэм я кум дэлъ мамырыгъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ щребыдэ, мамырыгъэ жьыбгъэм «зауэ» псалъэр бзэ псоми хрырелъэсыкІ.*

*- А дунейм, лъэпкъхэр цІыкІути инти жытІэу зэхэдмыдзу, цІыху псоми зэдай культурэхэр, щыдвгъэхъумэ.*

*- А дунейм зы нэрыбгэ закъуи и гупсысэм, и фІэщым щхьэкІэ лей къыщытремыхьэ.*

*- А дунейм и бзэрэ и культурэрэ хуэлэжьэну цІыхухэм пэрыуэгъу зыри щахуремыхъу.*

*- А дунейм лъэпкъхэм я адэжь хэкур, сыт и мыщхьэусыгъуэми, щрамыгъэбгынэ.*

*- Уа, захуагъэр, мамырыгъэр зыгъэлъапІэ цІыхухэ! Фэ дыныводжэ: фыкъакІуи, дызэгъусэу дунейр лъагъуныгъэрэ дахагъэкІэ дывгъэгъэщІэращІэ».*

ЛІыкІуэхэм я мызакъуэу, цІыху мин бжыгъэхэр зыхэлэжьыхьа мы зэхуэсращ Дунейпсо Адыгэ Хасэ къызэгъэпэщыным щІэдзапІэ хуэхъуар. Мы зэхуэсыр ДАХ-м и япэ конгрессу къэзылъытэхэм ящыщщ Голландием щыІэ Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Фэтхьи Рэджэби. Зэхуэсым къыщамыІэта лъэпкъ Іуэху къэмынами, псом я нэхъыщхьэу зытепсэлъыхьахэр хэхэсым и хэку егъэгъуэтыжынращ.

ЕтІуанэрей зэхуэсыр Голландие Адыгэ Хасэм и фІыщІэкІэ 1990 гъэм накъыгъэм и 4, 5, 6 махуэхэм а къэралым щекІуэкІащ. Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыІэ «Родина»-м, Тыркум, Германием ит хасэхэм, бысым хасэм я лІыкІуэхэри яхэту, нэрыбгэ 61-рэ хэлэжьыхьащ зэхуэсым икІи, Анкара къикІа лІыкІуэм жиІар даІыгъыу, зэгурыІуащ 1991 гъэм накъыгъэм и 21-м Налшык щызэхуэсу Дунейпсо Адыгэ Хасэ къызэрагъэпэщыну.

ЛІыкІуэхэм я мызакъуэу, ди республикищым я унафэщІхэр, лъэпкъым и цІыху цІэрыІуэхэр, ди лъэпкъэгъухэр зыщыпсэу лъэныкъуэ псоми къикІахэр мин бжыгъэкІэ 1991 гъэм накъыгъэм и 19-м Налшык щызэхуэсхэри, ДАХ-р яухуащ.

Абы къыщымынэу, зэхуэсым къекІуэлІа мин бжыгъэхэр накъыгъэм и 21-м, Щыгъуэ-щІэж махуэм, Налшык стадионым щызэхуэсри зэхуэгузэващ. ТхьэлъэІуи ящІащ хэкум, лъэпкъым и псэр хуэзыгъэтІылъа, узым, гъаблэм ихьа, хэхэс гъащІэм зэгуиуда ди адэжьхэм жэнэт ягъуэтыну... ТхьэлъэІу ящІащ хэхэсым адэжь щІыналъэр игъуэтыжыну, лъэпкъым зиужьыжыну... ЯщІащ тхьэлъэІу дунейр мамырыну.

**- Нэждэт, ДАХ-р къызэзыгъэпэщахэр сыт абы фызэрыщыгугъыр?**

- ДАХ-м и къалэн нэхъыщхьэр - адыгэхэм я адэжь щІыналъэ егъэгъуэтыжыныращ, и Іэщэри анэдэлъхубзэращ. Сыту жыпІэмэ, бзэр тхыдэщ, бзэр ІуэрыІуатэщ, бзэр лъэпкъыр нэгъуэщІхэм яхэзымыгъэгъуащэщ. Хэкури цІыхум и гум къару зыщигъуэт, зэрылъэпкъыр зыщигъэпэж, лъэпкъыу зыщихъумэжыф щІы Іыхьэращ. Зэрыдижагъуэщи, къохъу лъэпкъхэм я щІыр щрагъэбгынэ.

Хэкумрэ анэдэлъхубзэмрэ зэкІэрыпч мыхъуу быдэу зэхэпщащ. Зыр адрейм лъабжьэ, къару хуохъу. Хэкур къэзыгъуэтыжым анэдэлъхубзэри къегъуэтыж. Анэдэлъхубзэр зыІурылъ, анэдэлъхубзэр къэзыщтэж хэхэсыр хэкумкІэ къаплъэ, къэнацІэ мэхъу... ЗыхузэфІэкІхэм адэжь щІыналъэм къагъэзэж.

Аращи, лъэпкъыр, хэкур, анэдэлъхубзэр зэгъэуІужыным хуэпсэуа дэтхэнэ зы адыгэри ДАХ-м и ухуакІуэщ.

ДАХ-м и ухуакІуэщ хы ІуфЭм нэмыс щІыкІэ къэзыгъэзэжахэр. И ухуакІуэщ и бын бидзафэр и бгъэм къыщІичу, хэкум къинэ адыгэ унагъуэм къыхуэзыгъэнахэр.

ДАХ-м и ухуакІуэщ Тыркум щынэсам къагъэзэжыным къыщІэлъэІуу Урысей пащтыхьым тхылъ къыхуэзытхахэр. И ухуакІуэщ гъуэгум къытехьэжахэм ящыщу Уэсмэн империем и дзэлІхэм зэбграхуахэр.

ДАХ-м и ухуакІуэщ 1908 гъэм щыщІэдзауэ хасэхэр зыухуа, анэдэлъхубзэр щадж еджапІэхэр къызэзыгъэпэща, хэкум егъэджакІуэхэр къэзыгъэкІуа хэкупсэхэр. И ухуакІуэщ абыхэм бысым яхуэхъуа, хы адрыщІ плъэ зэпыта хэкупсэ-лъэпкъыпсэхэр.

ДАХ-м и ухуакІуэщ и къуэшыр, и шыпхъур ирилъагъуэ къыфІэщІу мазэр из щыхъум еплъахэр, «СыщылІэкІэ си бгъэр хэкумкІэ гъэзауэ сывгъэтІылъ» уэсятыр къэзыщІахэр.

ДАХ-м и ухуакІуэщ 1930 гъэхэм Сирием адыгэбзэр щадж еджапІэ къызэІузыхахэр, пщэдджыжь къэсыхукІэ еджакІуэ цІыкІухэм я гур хэкумкІэ гъэзауэ я гимн жезыгъэІахэр.

ДАХ-м и ухуакІуэщ 1950 гъэхэм Иорданием адыгэбзэкІэ спектакль щызыгъэувахэр, адэжь щІыналъэм, хэку гъэзэжым теухуа гъыбзэ зэхэзылъхьахэр.

ДАХ-м и ухуакІуэщ радиокІэ, тхыгъэкІэ хэхэсхэм ялъэІэсахэр, лъэныкъуитІымкІи «тхьэкІумафІэхэр» яужь зэритым зрамыгъэлъахъэу зэкІэлъыкІуахэр.

ДАХ-м и ухуакІуэщ «Родина»-р зыухуахэр, хэхэс къуэшхэм яхыхьахэр, къуэшхэр хэкум къезыгъэблэгъахэр, щезыгъэджахэр.

ДАХ-м и ухуакІуэщ 1970 гъэхэм адэжь щІыналъэм къикІауэ Тыркум щрагъэблэгъа я къуэшхэр я стипендиехэмкІэ зыгъэхьэщІа ныбжьыщІэхэр. И ухуакІуэщ нэдэплъыпІэ щымыІарэ пэт, хэкум гъэзэжыныр гугъэ лъагэу зыхуэзыгъэувыжахэр, журнал, газет къыдэзыгъэкІахэр.

ДАХ-м и ухуакІуэщ хэхэсыр хэкум щІэзыгъэхъуэпса ди тхакІуэхэр, усакІуэхэр. И ухуакІуэщ ди уэрэдусхэр, ди пшынауэхэр, уэрэджыІакІуэхэр, лъэпкъ къафэхэр зыгъэпсэуахэр.

Ауэ псом хуэмыдэу ДАХ-м и ухуакІуэщ Урысейм хыхьэ ди хэкухэр, республикэхэр зыухуахэр. И ухуакІуэщ ди хэгъэгур езыгъэфІакІуэ, хэхэсым гулъытэ хуэзыщІ ди унафэщІхэр.

Хэкум къинэжыныр зи насып къихьа, хэкужьым щыпсэуа, гугъу щехьа дэтхэнэ зы хэкурысри, хэкур, лъэпкъыр зи плъапІэ дэтхэнэ зы хэхэсри ДАХ-м и ухуакІуэщ.

ИтІани, хэхэсыр нэгъэсауэ зэрымылъэпкъыфынури, хэкурхэхэсым зэрыхуэныкъуэри пэжми, ДАХ-м хэхэсым и хэку егъэгъуэтыжыныр и къалэн нэхъыщхьэм лъабжэ хуэхъуами, хэхэс псоми къызэрамыгъэзэжыфынур къыдгуроІуэ. Аращи, ДАХ-р дыгъуасэ зэлэжьари нобэ зэлэжьри зы къэралыгъуэ дыхъужынракъым, атІэ, зэпэщхьэхуэу псэу адыгэхэр анэдэлъхубзэкІэ зэгурыІуэу зы лъэпкъыу адэкІи дунейм дытетынырщ.

Абы дэщІыгъуу ДАХ-м хэтхэм къагуроІуэ лъэпкъхэр зэбий зэрымыхъунур. Нэрылъагъущ мызэуа, бий зимыІа лъэпкъ дунейм зэрытемытыр. Ауэ илъэсищэ бжыгъэкІэ зэзэуахэри яхэтыжу, нобэ лъэпкъхэм зэгухьэн, зэгурыІуэн ялъокІ. Урысхэри, адыгэхэр зыхэс нэгъуэщІ лъэпкъхэри дызэгурыІуэу, Урысей Федерацэм и Іэмалыр ди Іэмалу, и къарур ди къаруууэ дызэдэпсэумэ, лъэпкъыр зэрефІэкІуэнур, хэхэсхэм ящыщу адэжь щІыналъэмкІэ къеІэр къызэрытшэжыфынур шэч къызытумыхьэнщ.

**- А Іуэхур зэрымыкІуатэм, ДАХ-р къэралым зэрыпэмыувым щхьэкІэ зыгъэкъуанши щыІэщ.**

- ЩыІэщ икІи щыІэнущ. Абыхэм къагурымыІуэр мыращ: ДАХ-р политикэ парткъым, цІыхубэ организацэщ. ЦІыхубэ организацэхэм езым я къару закъуэкІэ хэхэсыр къызэрамышэжыфынури, анэдэлъхубзэр зэрамыхъумэфынури нахуэщ. Мы ІуэхугъуитІыр зи пщэрылъри зыгъэзэщІэфынури ди республикэхэмрэ ахэр зыхыхьэ Урысей Федерацэмрэщ. Абы къыхэкІкІэ ДАХ-р унафэщІхэм япэувыркъым, ауэ икІи еубзэркъым. Йопсалъэ, лъэпкъым и гуращэхэр ялъегъэІэс, и къарум къихьыр ядещІэ. УнафэщІхэмрэ ДАХ-мрэ пщІэ зэхуащІ, зэдэІэпыкъуу зэдолажьэ...

**- Нэждэт, илъэс щэщІым къриубыдэу ДАХ-м дызэрыгушхуэну хузэфІэкІам и гугъу къытхуэпщІын?**

- Япэрауэ, адыгэу дунейм тетыр зэзыпх, зэлъэзыгъэІэс ДАХ-р илъэс щэщІ хъуауэ дызэриІэ закъуэр гуфІэгъуэщ. Узэхэмыхьэу, узэрымыІуэту узэрыщІэнукъым. Иджы езы хасэхэм я Іуэхуи хэмылъу ди лъэпкъэгъухэр зэкІэлъокІуэ, зэрощІэ, Іуэху зэдащІэ, зэрогъэхьэщІэ, зэблагъэхэр зэрогъуэтыж. Гуапэщ Урысей Федерацэм и лІыкІуэхэр адыгэхэр щыкуэд къэралхэм щыкІуэкІэ, ди хэгъэгу унафэщІхэм, депутатхэм ящыщ зэрыхагъэхьэр.

Урысей Федерацэм адыгэхэри и хэкуэгъухэм зэрыхибжам и мыхьэнэр къэІуэтэгъуейщ. ЗэрытщІэжщи, 1991 - 2000 гъэхэм къриубыдэу къару зиІа хабзэр и лъабжьэу УФ-м и паспортыр посольствэхэм къыщрату щытащ абы щІэупщІэ хэхэс адыгэхэм.

УзыгъэгуфІэщ иджырей Іэмалхэри къагъэсэбэп зэрыхъуар. Зи гугъу сщІыр хэхэс адыгэхэм онлайну адыгэбзэ, урысыбзэ курсхэр къыхузэрагъэпэщ зэрыхъуарщ.

**- Ди лъэпкъым сыткІэ захуэбгъэзэнт?**

- Ди къэралым федерализмэр зэрыщыбидэм, демократием зэрызыщиубгъум елъытауэ, зэхэгъэгуэгъу лъэпкъ зэпэщхьэхуэхэм я зэкъуэшыгъэр нэхъри нэхъ быдэ, я зэхущытыкІэри нэхъри нэхъ дахэ хъунущ. Шэч хэлъкъым, хэкурыс адыгэхэм яІэ хуитыныгъэм, езыхэм Іэмалу иратым елъытауэ, хэхэс адыгэхэр Урысей Федерацэм и гухуэкІуэ лІыкІуэ хъунухэщ. Абыхэм ирагъэфІэкІуэнущ зыщыпсэу къэралыгъуэхэмрэ Урысей Федерацэмрэ я зэхущытыкІэр.

ЩІыхь зыхуэсщІ ди лъэпкъэгъухэм иджыри зэ мыпхуэду захузогъазэ: «Адыгэр дунейм дызэрыщикъухьар, дызэрызэкъуэчар зыщыдвмыгъэгъупщэ!

Дыщыпсэу хэгъэгухэм я гъэпсыкІэр, ярылъ унафэхэр зэрызэхуэмыдэр къыдвгъэлъытэ!

ДызэлъэІэсыну лъэкІыныгъэ дызэримыІар зыщыдвмыгъэгъупщэ.

Илъэсищэ бжыгъэкІэ зэзэуа лъэпкъхэри хэгъэгухэри щызэгурыІуэ, щызэхыхьэж, я къарухэр щагъэлъэщ лъагапІэм зэрынэсам гу лъыдвгъатэ!

ДызэрыгъуэтыжамэЭ, дызэфІэзыгъэкІуэдыжын ІуэкІэщІыкІэхэм защыдвгъэдзей!

Ди хэгъэгухэм мамырыгъэ илъыным, я экономикэм зыкъиІэтыным, зэхущытыкІэ дахэ зэдаІэным дыхуэвгъэлажьэ!»

*Епсэлъар*

**ЩОМАХУЭ Залинэщ.**



# Лъэужь мыкІуэдыж



Лэскэн муниципальнэ район администрацэмрэ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм и администрацэмрэ, жылэдэсхэри яхэту, гущІыхьэ ящыхъуащ лэжьыгъэм и ветеран, Лэскэн щІыналъэм Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я советым и унафэщІ, агроном цІэрыІуэ Уэркъуасэ Пётр Мухьэмэд и къуэр дунейм зэрехыжар.

Уэркъуасэ Пётр Мухьэмэд и къуэр 1939 гъэм шыщхьэуІум и 4-м Лэскэн ЕтІуанэ къуажэм къыщалъхуащ. 1955 гъэм абы лэжьэн щІидзащ Лэскэн совхозым и Іэщыхъуэу. Иужьым ар щытащ тракторзехуэу, губгъуэ хьэсэхэм я зыужьыкІэм кІэлъыплъ ІэщІагъэлІу, производствэм и унафэщІу, «Лэскэн» совхозым и агроном нэхъыжьу, къыкІэлъыкІуэу «Ерокъуэ» совхозым и Іэтащхьэу. А ІэнатІэхэм къадэкІуэу, ар лэжьащ Лэскэн ЕтІуанэ къуажэ советым и исполкомым и унафэщІу, компартым а жылэм щиІэ комитетым и секретару.

2007 гъэм къыщыщІэдзауэ и иужьрей махуэхэм нэсыху, Уэркъуасэ Пётр лэжьащ Лэскэн щІыналъэм и агроном пашэу, «Россельхознадзор» зэгухьэныгъэм КъБР-м щиІэ къудамэм къэкІыгъэхэр хъумэнымкІэ Лэскэн районым къыщызэригъэпэща станцым и ІэщІагъэлІ нэхъыщхьэу, иужьым а ІуэхущІапІэ дыдэм и унафэщІу.

Къыхэбгъэщ зэрыхъунумкІэ, мыбдежыращ Уэркъуасэм, Іуэхум фІыуэ зэрыхищІыкІым къыхэкІыу, къызэгъэпэщакІуэ Іэзэу зэрыщытар нэгъэсауэ къыщигъэлъэгъуар. И чэнджэщ щхьэпэхэмкІэ ар ядэІэпыкъурт щІым елэжьхэм, бэджэнд Іуэхум зезытахэм, мэкъумэшым и ІэнатІэу районым итхэм я унафэщІхэм. Абы къыфІэкІыжу, Уэркъуасэр гъавэ щІапІэхэм кІуэрти, абдежым щылажьэхэм я Іуэху зыІутым, жэуаплыныгъэ ин пылъу, щыгъуазэ зыхуищІырт.

Уэркъуасэ Пётр пщІэи щІыхьи зиІа ІэщІагъэлІу дунейм зэрытетар къэзыгъэлъагъуэщ къыдэлэжьахэм, и ныбжьэгъуу къыдекІуэкІахэм, арыххэу къэзыцІыхуу щытахэм ар ягу къыщагъэкІыжкІэ псалъэ гуапэу къыхужаІэхэри.

Мэкъумэш хозяйствэм и ІэнатІэу илъэс куэдкІэ зыпэрытахэр гурэ псэкІэ хуэпэжу зэрызэрихьам, абдежым щиІа ехъулІэныгъэхэм папщІэ, Уэркъуасэ Пётр къыхуагъэфэщащ Урысей Федерацэм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и ФІыщІэ тхылъ, Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэмрэ республикэм и Парламентымрэ я ЩІыхь тхылъхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм къабгъэдэкІа медаль бжыгъэншэхэр, «Лэжьыгъэм и ветеран» цІэ лъапІэр.

«Уэркъуасэ Пётр и гъащІэ гъуэгуанэр, къыхуагъэфэща Іуэхум пэжу зэрыбгъэдэтар, цІыхугъэшхуэ хэлъу дунейм зэрытетар дэркІэ щапхъэ гъуэзэджэщ, мыкІуэдыжщ», - итщ зи гугъу тщІы ІуэхущІапІэхэм къабгъэдэкІа тхыгъэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкІэ и министерствэр, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэр, КъБР-м Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-м, «КъБР-инфо» хъыбарегъащІэ агентствэм, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэм я лэжьакІуэхэр «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэм къэрал заказыр къызэгъэпэщыныгъэмрэ хэгуэшэнымкІэ и къудамэм и ІэщІагъэлІ пажэ **Къущхьэнащхъуэ Джульеттэ Наурбий и пхъумрэ** бухгалтер пашэ **ЦІагъуэ Залинэ Наурбий и пхъумрэ** яхуогузавэ я адэ **ЦІагъуэ Наурбий ТІалэ и къуэр** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакІуэхэмрэ КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и XII зэхуэсыгъуэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЛІыкІуэхэмкІэ и Советым и япэ хэхыгъуэм и депутату щыта **Мэшыкъуэ Хьэсэнбий Инал и къуэм** и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

Бахъсэн къалэмрэ районымрэ, Ислъэмей къуажэ администрацэхэм, Дунейпсо, Къэбэрдей адыгэ хасэхэм, «Адыгэ псалъэ» газетым гущІыхьэ ящыхъуауэ хъыбар фагъащІэ адэжь хэкум япэу къэзыгъэзэжахэм я нэхъыжь **Абеикъуэ Шухьэиб Мизан и къуэр** дунейм зэрехыжамкІэ икІи и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогузавэ.



# Къаныкъуэ Заринэ и пьесэм Красноярск къыщоджэ

**Иджыблагъэ Красноярск щекІуэкІащ Тхылъ щэнхабзэмкІэ XV жармыкІэр. Іуэхум и къызэгъэпэщакІуэр Прохоров Михаил и псапащІэ фондырщ. Мы гъэм Іуэхум унэтІыныгъэ щхьэхуэ иІащ: «ЦІыхухъур, бзылъхугъэр. Иджырей социальнэ гъащІэм щагъэзащІэ къалэнхэр».**

ЦІЫХУХЪУМРЭ цІыхубзымрэ литературэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэм иІэ щхьэхуэныгъэхэм, я хъэтІым хэлъ щІэщыгъуагъхэм ятеухуауэ къэпсэлъахэщ «Новое литературное обозрение» тхылъ тедзапІэм и унафэщІ Прохоровэ Иринэ, тхыдэтх Лекманов Олег сымэ, нэгъуэщІхэри. «КРЯКК-2021» Іуэхум хэтащ тхыдэджхэр, философхэр, тхакІуэхэр.

Красноярск щекІуэкІа литературэ зэхыхьэм ирагъэблэгъащ усакІуэ, драматург, «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ. Абы и «ЩыІащ - псэуащ, игъащІэкІэ» пьесэм къеджащ Пушкиным и цІэр зэрихьэу Красноярск дэт драмэ театрым и актёрхэр. ИужькІэ, тхыгъэм теухуауэ зэІущІэ екІуэкІащ, ар зи Іэдакъэ къыщІэкІа Къаныкъуэ Заринэ къыхуагъэхьэзыра упщІэхэм япэджэжащ.

Пьесэр Къаныкъуэм адыгэбзэкІэ итхащ, урысыбзэкІэ зэридзэкІыжащ. Илъэс кІуам а тхыгъэр Урысейм ис лъэпкъхэм я иджырей драматургиер щызэхуэхьэса антологием ихуащ.

**ГЪУЭТ Синэ.**

# Нобэрэ пщэдейрэ

## Щапхъэ дахэ

**ЩэкІуэгъуэм и 6-м Санкт-Петербург щекІуэкІащ «Лъы щат щэбэт» псапащІэ акцэр. Къалэм щыпсэухэм а махуэм сыхьэтиплІым къриубыдэу ятащ лъы литр 242-рэ.**

ІУЭХУР зи жэрдэмхэм къахуэкІуэну зыщыгугъар цІыху 400 хуэдизт, ауэ акцэм хэтыну хуейуэ цІыху 600-м зрагъэтхат. А псоми я узыншагъэр къапщыта нэужь, цІыху 538-м лъы Іах хъуну къалъытащ. Я чэзур къыщысынум пэплъэн хуей зэрыхъуам щхьэкІи къэмынэу ІуэхуфІым жыджэру хэтащ ищхъэрэ къалащхьэм дэсхэр.

«УщымыгуфІыкІынкІэ Іэмал иІэтэкъым хуэныкъуэм зыщІэзыгъэкъуэну хуейхэр куэд зэрыхъум. ГущІэгъу, гулъытэ зыхэлъ къалэдэсхэр къыхэтлъхьа жэрдэмым къызэрыпэджэжам и фІыгъэкІэ лъы литр 242-рэ гъэтІылъыгъэ тщІыфащ. Дэри тлъэкІ къэдгъэнакъым цІыхухэм гуапэу дадэлэжьэнымкІэ», - жаІащ Лъы тынымкІэ станцым и лэжьакІуэхэм.

Дохутырхэм къыхагъэщащ иджы хуэдэу жыджэру цІыхухэр а акцэм зэи зэрыхэмытар икІи ар щапхъэ дахэ адрейхэми яхуэхъуну зэрыщыгугъыр.

## ЩІыуэпсыр хъумэным хуэщхьэпэну

**Ди къэралым и мызакъуэу, дуней псор нэхъ зыгъэгузавэ Іуэхухэм ящыщ хъуащ пхъэнкІийр щІыпІэхэм зэрыщызэтрихьэр. КІэрыхубжьэрыхухэр щІылъэм зэрыщикъухьами удэкІуэтэнт, ахэр цІыху къызэрыгуэкІми хузэщІэкъуэжыну Іэмал щыІэт - иджы пхъэнкІийр псыхэм хадзэурэ абыхэм хытІыгу хуэдиз щыхъуа щІыпІэхэри иІэщ.**

ЩІЭНЫГЪЭЛІХЭР, ІэщІагъэлІхэр илъэс куэд хъуауэ йогупсыс абы хэкІыпІэ хуэхъунухэм икІи кІэрыхубжьэрыхухэм щелэжь ІэнатІэхэр дэнэ щІыпІи щызэтраухуэ. Москва пэмыжыжьэу, Богородскэ къалэ округым хыхьэу иджыблагъэ лажьэу щаутІыпщащ цІыхухэм пхъэнкІийм хадзэхэм щелэжьыж ІуэхущІапІэшхуэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, иужьрей зэманым апхуэдэ комплексу Москва областым мыр епщІанэу къыщызэІуахащ.

Зы илъэсым къриубыдэу ар елэжьыфынущ кІэрыхубжьэрыху тонн мини 150-м щІигъум. ЩІыуэпсым хэкІуэдэжыфыну апхуэдиз кІэрыхубжьэрыхур мыбы электрокъаруууэ квт 12000-м хуагъэкІуэфынущ. ІуэхущІапІэм пхъэнкІийхэр щызэхадз и къудамэм зы илъэсым тонн мин 650-рэ щызэхадзыфынущ. ІэщІагъэлІхэм къызэралъытэмкІэ, кІэрыхубжьэрыхухэр щІыналъэм нэхъ мащІэ щыщІыным, апхуэдэ щІыкІэкІи щІыуэпсыр хъумэным мы ІуэхущІапІэм хэлъхьэныгъэфІ хуищІыфынущ.

**ЩэкІуэгъуэм и 9, *гъубж***

**♦Фашизмэм, расизмэм, лъэпкъ зэхэгъэж щІыным япэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**

**♦Радиацэм пэщІэтыным хуэунэтІа акцэхэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Лизингым и дунейпсо махуэщ**

♦**1929 гъэм** къалъхуащ уэрэд 400-м щІигъу зытха композитор цІэрыІуэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь, СССР-м и Къэрал саугъэтыр тІэунейрэ зыхуагъэфэща **Пахмутовэ Александрэ**.

♦**1940 гъэм** къалъхуащ адыгей усакІуэ **Хьэлэш Сэфарбий**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ УФ-м и цІыхубэ сурэтыщІ, КъБР-м щІыхь зиІэ и сурэтыщІ, Красноярск дэт художественнэ институтым и профессор, РАХ-мрэ ЩІДАА-мрэ я академик **Пащты Герман**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыпсэу адыгэ тхакІуэ **Решат (Къущхьэ) Севим.**

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 21-рэ, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

**ЩэкІуэгъуэм и 10, *бэрэжьей***

**♦Мамырыгъэмрэ зыужьыныгъэмрэ яхуэлажьэ щІэныгъэм и дунейпсо махуэщ**

**♦Бухгалтерым и дунейпсо махуэщ**

**♦ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ**

**♦Урысей Федерацэм Къэрал кІуэцІ ІуэхухэмкІэ и органхэм я лэжьакІуэм и махуэщ**

**♦Тыркумэным щагъэлъапІэ гъавэм и махуэр**

♦**1741 гъэм** Черкасский Алексей (адыгэщ) Урысейм и канцлеру ягъэуващ.

♦**1888 гъэм** къалъхуащ авиаконструктор, академик, генерал-полковник, Социалист Лэжьыгъэм щэнейрэ и ЛІыхъужь, Ленин саугъэтымрэ СССР-м и Къэрал саугъэтымрэ (тхуэнейрэ) зыхуагъэфэща **Туполев Андрей**.

♦**1919 гъэм** къалъхуащ совет конструктор, генерал-лейтенант, техникэ щІэныгъэхэм я доктор, къэрал куэдым къыщагъэсэбэп Іэщэхэр къэзыгупсыса **Калашников Михаил**.

♦**1926 гъэм** къалъхуащ шыхъуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Къалмыкъ Хьэжмурат**.

♦**1933 гъэм** къалъхуащ журналист, тхакІуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и къудамэм и унафэщІу илъэс куэдкІэ щыта **Шыбзыхъуэ Мухьэдин**.

♦**1947 гъэм** къалъхуащ техникэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и ректору щыта, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Къарэмырзэ Барэсбий**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шал Тимур**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 1 - 2, жэщым градус 0 - 2 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*

**ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**КъэкІуэгъуафІэ кІуэжыгъуафІэщ.**

# IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ



## Хъыджэбз Iущыцэ

Зы пащтыхь гуэрым зы зэман гуэрым цIыхухэр зэхуишэсри яжриIащ, дунейм нэхъ лъагъуныгъэу тетыр, нэхъ IэфIу щыIэр, нэхъ пшэру тетыр къэзыщIэм, и гъащIэм хурикъун дыщэ иритыну.

- Пщэдей, иджы хуэдэм нэс, фегупсысыну пIалъэ фызот, - жиIащ пащтыхьым.

ЦIыхухэр зэбгрыкIыжри, гупсысэу хуежьащ.

ЛIы гуэрым хъыджэбз цIыкIу иIэт, илъэсибл ныбжьым итуи, и адэр хэплъэу, кууэ хэгупсысыхьауэ къыщыкIуэжым, еупщIащ:

- Сыт къэхъуар, ди адэ, щхьэ ухэплъэрэ? Сыт пащтыхьым къывжиIар? - жиIэри.

Адэми пхъум жриIэжащ пащтыхьыр зыхуейр, къазэреупщIар.

- АтIэ, ди адэ, ар сэ къэсщIэнкъэ?! - жиIащ хъыджэбз цIыкIум.

- Ар дауэ къызэрыпщIэнур? - игъэщIэгъуащ адэм.

- Сыт къыщIэзмыщIэнур? Абы къэпщIэн зыри хэлъкъым, - жиIащ и фIэщу хъыджэбз цIыкIум.

Адэм и фIэщ хъуакъым хъыджэбз цIыкIур и фIэщу къыщIепсэлъар, ауэ, псалъэм къыдэкIуэу, жиIащ:

- АтIэ, къапщIэмэ, дехъулIащи, ди гъащIэкIэ тхурикъун дыщэ пащтыхьым къыдитынущ.

Хъыджэбз цIыкIур абы щыгуфIыкIри, и адэм жриIащ пащтыхьыр зыщIэупщIам и жэуапхэр.

ПIалъэр къэсри, цIыхухэр аргуэру пащтыхьым деж щызэхуэсащ. Зэтемыхуэу куэд жаIащ, ауэ пащтыхьыр зыми арэзы техъуакъым. Хъыджэбз цIыкIу зиIэ лIым деж чэзур къыщысым, абы мыпхуэдэу жиIащ:

- ЩIыгум нэхъ пшэр, жейм нэхъ IэфI, быным нэхъ лъагъуныгъэ щыIэкъым.

- Хэт къыбжиIа ар? - щIэупщIащ пащтыхьыр.

- Илъэсиблым иту хъыджэбз цIыкIу сиIэщи, абы къызжиIащ, - зиумысащ занщIэу адэм.

- АтIэ, а уи хъыджэбз Iущ цIыкIур къэмышууэ, къэмылъэсу, къэмылъатэу хьэщIэу къысхуэгъакIуэ, - жиIащ пащтыхьым.

ЛIыр я деж къэкIуэжри, ипхъу цIыкIум жриIэжащ пащтыхьым пщэрылъ къыщищIар.

Хъыджэбз цIыкIум и лъэIукIэ зы къуаргъ цIыкIурэ зы тхьэкIумэкIыхь цIыкIурэ лIым кърригъэубыдащ. Къуаргъ цIыкIур и блыгум щIигъэтIысхьэщ, тхьэкIумэкIыхь цIыкIум кIапсэ цIыкIу гуэр трилъхьэщ, ишэри пащтыхьым и куэбжэм Iухьащ. Джэри, Iуэхутхьэбзащ Iэхэр къыщыщIэкIым:

- Пащтыхьым хъыбар ефт, къэвгъаплъи, сыкъызэрыкIуар къевгъэлъагъу, - яжриIащ.

Пащтыхьыр шордакъым къикIри, хъыджэбз цIыкIум деж къеплъыхащ.

- Сыкъэплъагъурэ? - жиIащ хъыджэбз цIыкIум.

- Узолъагъу.

- АтIэ, сыкъэшууакъым, сыкъэлъэсакъым, сыкъэлъэтакъым, мы цIыкIухэм сыкъахьащ, - жиIэри къуаргъ цIыкIумрэ тхьэкIумэкIыхь цIыкIумрэ пащтыхьым иригъэлъэгъуащ.

- Уэ пщащэ Iущ цIыкIур ущапIым щыгъуэ сыт уагъэшхар? - къеупщIащ абы илъагъур хьэлэмэтлажьэ зыщыхъуа пащтыхьыр.

- Гъуэгу гъурым къыщаубыда бдзэжьейрэ къэмыкIа къэкIыгъэкIэ сапIащ, - жиIащ хъыджэбз цIыкIум.

Пащтыхьым зыри жимыIэу хъыджэбз цIыкIум къеплъащ, итIанэ игъазэри щIыхьэжащ. Мыгувэу Iуэхутхьэбзащ Iэхэм хъыджэбз цIыкIум къыхущIахащ игъащIэкIэ хурикъун дыщэ.

Хъыджэбз цIыкIур и адэм деж къэкIуэжри, тхъэуэ псэууэ къэнэжащ.

## ЩакIуэмрэ бзу цIыкIумрэ



Мэзым щIэтурэ, щакIуэм зы бзу цIыкIу къиубыдащ.

- СутIыпщыж, - жиIащ бзу цIыкIум. - СыбутIыпщыжмэ, игъащIэкIэ къыпщхьэпэн чэнджэщ уэстынщ.

ЩакIуэр арэзы хъуащ:

- УзутIыпщыжынщ, къызжеIэ.

- Япэ чэнджэщыр мыращ, - жиIащ бзу цIыкIум, - блэкIам ущIэмыфыгъуж.

- Хъунщ, - жиIащ щакIуэм. - ЕтIуанэри къызжеIэ.

- Ар щыбжесIэнур сыбутIыпщыжмэщ.

- КIуэ, - жиIэри, щакIуэм бзу цIыкIур иутIыпщыжащ.

Жыгыщхьэм итIысхьэжауэ, бзур къопсалъэ:

- ЕтIуанэр мыращ: пцIыр уи фIэщ умыщI.

- Хъунщ, - жиIащ щакIуэм. - Ещанэр къызжеIэ.

- Ещанэм ухуэмыпIащIэ. Уэ делэм пщIэуэ пIэрэ укъызэрызгъэпцIар? Си хулъэм джэдыкIэ хуэдиз хъууэ дыщэ кIанэ илъщ. Ар уиIамэ, игъащIэкIэ урикъунут, - жиIащ бзу цIыкIум, щакIуэм къыхуеплъыхри.

- Бетэмал, щхьэ узутIыпщыжат! Укъысхурикъуащ. Дыщэм сыхэкIыжащ! - и Iэпэм едзэкъэжащ щакIуэр. - Ещанэр къызжеIэ.

- Хьэуэ, абы ухуейкъым уэ, - жиIащ бзу цIыкIум. - ТIу бжесIати, зэрыбжесIа нэхъ хэлъакъым: пщыгъупщэжащ. БлэкIам ущIэмыфыгъуж, бжесIатэкъэ: сызэрыбутIыпщыжа нэхъ хэлъакъым, ущIегъуэжащ. ПцIыр уи фIэщ умыщI бжесIати, абыи уедэIуакъым: сэ езыр джэдыкIэ хуэдизщ сызэрыхъур, си хулъэм джэдыкIэ хуэдиз хъу дыщэ кIанэ ихуэн? Ещанэр бжесIэнукъым, ар пхуэфащэкъым уэ.

Ар жиIэри, бзу цIыкIур лъэтэжащ, щакIуэр хэплъэу къигъанэри.



## Кхъуафэхухэм я уэрэд

**Уэ-хьэхьа-ай, хьа-хьа-хьа-а-а-й,**
**Уэ-э-э, уэхьэхьай, уэхьа-а-а-й,**
**Щоджэным и къуэри, уэ-хьэхьа-а,**
**Уа-а, уо къосылIэрэ, а,**
**КIэдыкIуеикъуэми, уэ-хьэ-хьа-а,**
**Уа-а, уэ зегъазэри, а,**
**Уэ догъазэри, уэ-хьэ-хьа-а,**
**Кхъуафэр догъазэрэ-э,**
**Уэ, кхъуэтопкIэрэ, уэ-хьэ-хьа-а,**
**Уа-а, хыдогъэзыхьырэ,**
**Уэ-хьэхьа-ай, хьа-хьа-хьа-а-а-й,**
**Декхъуэфэуэжакъэ-тIэ, мис иджы.**
**Жыжьэ дыплъэмэ, уэ-хьэ-хьа-а,**
**Уа-а, хыбзухэр долъагъу, а,**
**Дэ дызоплъыжри, уэ-хьэ-хьа-а,**
**А, дызэрыхъур хьэкъуей зыбжанэщ, а,**
**Псыхум и хуэр къытощ, уэ-хьэ-хьа-а,**
**Уа-а, псыщхьэм дыкъытещыххэурэ, а,**
**Жагъуэгъум идогъапщэ, уэ-хьэ-хьа-а,**
**А, зэдгъапщэми докхъуэфауэ, а,**
**Уэ инкIэрэ докхъуэгуауэркъэ-тIэ,**
**уэ-хьэ-хьа-а,**
**Уа-а, ди Iыхьэри къыхыдохыр,**
**Къыхэтхахэри къыдохьыж, уэ-хьэ-хьа-а.**

## ГъуэгурыкIуэ щIалэм къыщыщIар

Жантемырейкlэ сыкъикIщ,
Зы къуажэфIым сыкъыдыхьэщ,
Зы жылэфIым срихьэлIэщ,
Зы унэфIым секIуалIэщ,
«Ярэби, сэ сыгъуэгурыкIуэщ,
Жыжьэ сыкъикIщ,
СыкъыздикIри Псыжь
адрыщIщ,
Мы зи куэбжэ сыкъэсахэм
сыкъыфхуепсыхщ,
УнагъуэфIым я деж сыкъыIухьэщ,
Си шыжьым езгъэшхыну,
Зы мэкъу IэбжьэфIкIэ зезгъэтIыжыну
сыкъыдыхьэщ», -
ЖиIэри щIалэм и гур щIитIыкIащ.

ЩIалэм и гур щIитIыкIа щхьэкIэ, джэри - игъуэтаIакъым. Куэбжэм теуIуэри - игъуэтаIакъым. Дыхьэри - зы хъыджэбз дэуэ гъуэлъыпIэм исуу къилъэгъуащ.

- Ей, къарэкъатинэ,
БэрэтIинагъуэ,
Данагъуэ Iупэ,
Щхьэцыпэ дыкъуакъуэ,
Кърым бжьэхуцыр зи щIыфэ,
Уэ мастэр къэзыгъэфий!
Сэ Жантемырейкlэ сыкъокI,
СыгъуэгурыкIуэщ,
Си шыжьым ишхыну
Мэкъу Iэгу къызэпттэмэ, - елъэIуащ
щIалэр хъыджэбзым.
- Си анэ мыгъуэр анэнэпIэсщ,
Уэсым нэхърэ нэхъ щIыIэщ,
Мэкъу куэди умыхь,
Мэкъу бэхьи зумыщI,
Уи шыжь хурикъун дэх! - жиIащ
хъыджэбзым.

Хъыджэбзым ар апхуэдэу къыщыжриIэм, щIалэ гъуэгурыкIуэр мэкъуэщым ихьэри, и шым мэкъу хуихьри иритащ. «Мы адыгэбзэр къызжезыIэу сызымыгъэщIэхъуа пщащэм зы адыгэбзэ гуэр зэхезгъэхыжынщ», - жиIэри, щIалэм игу къыщридзэм, игъэззэжащ.

Хъыджэбзым деж щIыхьэмэ, зи гугъу ищIа мылъхуанэр къэсыжауэ щIэтт.

Хъыджэбзым сехъуэхъуну сыщыувым, анэнэпIэс ябгэр къысхуилъри:

- Е хьэм къилъхуа,
УIуэрэ увэу дэнэ укъикIа? - жиIэри.
Жыгей пхъэ дзакIэр къыщIилъэфщ,
Си нэ джыджым къыхуишийщ,
Си лъэнкIапIэр къигъэкIэзызщ,
КIэзызыжу зыбжанэрэ сыщытри,
Си гур къызэрыгъуэтыжщ,
СыкъыщIэкIыжыну сыкъыщежьэм,
- Ей хьэгъуэ, хьэгъуэ,
Е хьэгъуэ кIагъуэ,
Е хьэ кIагуэжь,
ГуэнщIагъ зэрагъыж,
«Шту!» - жиIэри хьэр къызиуштащ.

Хьищэ хъункIэ зы хьэ закъуэ нэхъ хуэмычэму къызэхуэсри, си цей къуащIэр гуатхъащ.

- Ей, хьэ гъуэжьыжь,
Хьэ гъуэжьыжь мэскъарэ,
Си цей къуащIэрат укъызыхуэсар? - щыжысIэм, хьэр кIуэри, гуэным щIэгъуэлъхьэжащ, адрей хьэхэри збгъэдэкIыжащ.

## Ар сыт?

Махуэ гуэрым зылIрэ зы бзылъхугъэрэ зи шым тесу зыщIыпIэ ежьащ. Ахэр здэкIуэм, зы шу гуэр къаIущIащ. Ауэрэ, гъуэгуэгъу зэхуэхъури, зэпсалъэу хуежьащ. Гъуэгуэгъу къахуэхъуа щIалэр пщащэм дэгушыIэм фIэфIти, зыкъыхуигъэзащ.

- Уэ пщащэ, а зи шыплIэ удэсыр уи сыт?

Пщащэми щIалэр жэуапым пигъэплъакъым:

- Зи шыплIэ сыдэсыр къызэрысхущытыр мыращ: мыбы и анэр си анэм и гуащэу щытыгъащ, - жиIащ.

Гъуэгуэгъу къахуэхъуа щIалэр пщащэм кърдитыжа жэуапым егупсысурэ ябгъэдэкIыжащ.

Къыхуэщlаи-къыхуэмыщlаи, иджы чэзур ууейщ, ар сыт?



## Ахынрэ испыхэм я пщымрэ

Щхьэгуащэ псыхъуэкIэ зэджэм испыпщыр дэст. Испыпщым пхъу дахэ иIэти, псэлъыхъур и куэдт. Нартхэм зэхахащ испыпщым ипхъу дахэм и хъыбарыр. Нарт щауэхэр лъыхъуащ испыпщым и пхъум. АрщхьэкIэ къаритакъым. Мыр къажриIащ:

- Си пхъур зэстынур Щхьэгуащэ псыхъуэ зэпрылъыфырщ.

Щхьэгуащэ псыхъуэ зэпрылъын къахэкIакъым нарт щауэхэм.

Нартхэ зы жэмыхъуэ яIэт, АхынкIэ еджэу. Нартхэ я жэмыхъуэри лъыхъуащ испыпщым и пхъум. И Iэхъуэ башыр къиштэри, Ахын испыпщым деж кIуащ. Гугъущи демыхьу, нартхэ я жэмыхъуэжьым башыр зыщIигъакъуэри, Щхьэгуащэ псыхъуэ зэпрылъащ.

Испым я пщым сыт ищIэжынт: и пхъур Ахын къритащ.

Испыпщым и пхъур ишэри, Ахын хъупIэм ихьэжащ.

Куэд дэкIа, мащIэ дэкIа, сытми, и пхъур нартхэ я жэмыхъуэм зэрыритам хущIегъуэжащ испым я пщыр- къытрихыжын мурад ищIащ.

Ахын и Iэщыр хъуакIуэ дихуамэ, хъупIэр яуфэбгъурт, апхуэдизкIэ куэд хъурти. Езыр чом дэст, чор къитIыхьри, щIытIым псы дигъэлъэдэжауэ. Гъуэлъамэ, тхьэмахуэкIэ къызэщыуртэкъым нартхэ я жэмыхъуэр. ТхьэмахуэкIэ жейрти, къызэщыужа нэужь, и Iэщыр хъуакIуэ дихурт, тхьэмахуэкIэ имыгъэхъуэкIуауэ ирихулIэжыртэкъым. Чом къыщыдэкIкIэ, башыр зыщIигъакъуэурэ щIытIым къызэпрылъ и хабзэт нартхэ я жэмыхъуэм.

Ахын и Iэщыр хъуакIуэ дихуауэ ирихьэлIэри, испым я пщыр чом дыхьащ, Iуэм ихьэри шхалъэм зыдиудыгъуащ.

Испыпщым шхалъэм зыдиудыгъуауэ, Ахын къыдыхьэжащ, Iэщыр игъэззэгъэжщ, и Iэхъуэ башыр шхалъэм ириупсейри гъуэлъащ, жэщибл-махуиблкIэ жеин хуейти.

Ахын жея нэужь, испыпщыр шхалъэм къыдэкIщ, шхалъэм еупсея башыр ирибзэри чом къыдэкIыжащ.

ТхьэмахуэкIэ жейри, Ахын къэтэджыжащ, шхалъэм еупсея башыр къиштэри Iэщыр къиутIыпщащ.

Iэщыр псым къызэприхури, Ахын башым зытригъэщIащ, щIытIым къызэпрылъын хуейти. ЩIытIым къыщызэпрылъым, башыр зэфIэщIыкIащ, испыпщым ирибзати. Башыр щызэфIэщIыкIым, Ахын щIытIым дэхуащ; щIытIым къыдэкIыжыфакъым - псы лъащIэм щIэтIысыкIащ.

Испыпщым и пхъур чом къыдихыжри, Щхьэгуащэ псыхъуэ ихьыжащ.

Нартхэ я жэмыхъуэжьыр псым щыхэхуэм, Iэщыр зэщIэгъуагэу хуежьащ, щIытIым и Iуфэм ирикIукI-нрикIукIыу зэщIэбууэу щIадзащ. Абыхэм я макъыр Ахын деж нэсащ. ЗэраIуатэмкIэ, псы щIагъым щыIэми, Ахын и нэр къызэтрихмэ, Iэщыр мыпIейтейуэ хъупIэм итщ, и нэр зэрызэтрилъхьэу- щхьэж и гъущапIэ йокIуэлIэж. Абы лъандэрэ Ахын Iэщым и тхьэпэлъытэ хъуащ. Жэмыхъуэжьым ириха лейр испым къыщIэкIуакъым, и лъэпкъыр абы дэкIуэдауэ жаIэ.

## Уи мыIуэху зепхуэмэ

- Нарт Мэжаджэ и хьэщIэщ уихьэ хъунукъым: хьэщIагъэ къуехри, укъыщригъэжьэжкIэ и пшэрыхь бэлагъкIэ къуегъауэ, - жаIэри, Мэжаджэ щыщтэ хъуащ нартхэр.

Зы нарт щауэ гуэрым игу ирилъхьащ:

- СыкIуэнщи, нарт Мэжаджэ згъэунэхунщ, - жиIэри.

Нарт Мэжаджэ деж нэсри, нарт щауэ и шыр Iахащ, езыр хьэщIэщым ирашэри, Iэнищэ кърахьэху къагъэхьэщIащ. ХьэщIэщым здисым, пщIантIэм доплъэри - джэдыр лъакъуэ закъуэщ. Псыхьэ кIуэуэ зы бзылъхугъэ пщIантIэм докI-къыдохьэжри - и пщэм щыгъэ ищIащ.

Жэщищ-махуищкIэ хьэщIапIэ исри, нарт щауэр къэтэджыжащ:

- Нарт Мэжаджэ Тхьэм игъэунэ, и шхын убагъуэ, - жиIэри.

Шым ягъэшэсыжри ирагъэжьэжащ нарт щауэр - бэлагъкIэ къеуаIакъым.

Гъуэгу къытехьэжауэ, нарт щауэр егупсысыжащ:

- Згъэзэжынщи, я пшэрыхь бэлагъкIэ къыщIызамыгъэуар зэзгъэщIэнщ, - жиIэри.

Игъэзэжри, нарт Мэжаджэ и хьэщIэщым ихьэжащ нарт щауэр. Аргуэру кърахащ хьэщIагъэ, Iэнищэ кърахьэху, къэгъэхьэщIащ, къагъэфIащ. ХьэщIэщым здисым, джэдыр зэрылъакъуэ закъуэри псыхьэ дэкI-къыдыхьэж бзылъхугъэм и пщэм щыгъэ зэрищIари илъэгъуащ. Илъэгъуар гъэщIэгъуэн къыщыхъуа щхьэкIэ, псалъэ жиIакъым.

Тэджыжын щыхъум, нарт щауэм жиIащ:

- Фи тхьэмадэм сыIувгъащIэ: хуеймэ, сэ сыкIуэнщ, хуеймэ, езыр хьэщIэщым кърырехьэ.

- Езыр кърекIуэ, - къажриIэри, нарт Мэжаджэ хьэщIэ щIалэр иригъэшащ.

Нарт Мэжаджэ и пащхьэ ихьэри, щIалэм жиIащ:

- Уи хьэщIэщ хьэщIэ къихьэмэ, щебгъэжьэжкIэ пшэрыхьыр бэлагъкIэ ибогъауэ. Сэ къыщIызумыгъэуар сыт? Арат къыщIэзгъэзэжар.

Зи мыIуэху зезыхуэм изогъауэ, - къыжриIащ щIалэм нарт Мэжаджэ. - ХьэщIищэм Iэнищэ нрахьати, «Iэнищэ щхьэ къифхьа?» жыпIакъым, Iэнищэ зэрыпхуэмышхынур пщIэрэ пэт. «Фи джэдым зы лъакъуэ закъуэ фIэкIа щхьэ щIэмытрэ?» жыпIакъым, уи Iуэху хэлътэкъыми: лъакъуищ ящIэтами, ущIыщIэупщIэн щыIэкъым, ущимыджэдкIэ. «Псыхьэ щыкIуэкIэ цIыхубзым щыгъэ щхьэ зыпщIэхилъхьэрэ?» жыпIэу ущIэупщIакъым, абыи уи Iуэху хэлътэкъыми: хуеймэ чыбжьэ зыпщIэхилъхьэнщ - сыт хуиIуэху? УцIыху гъэсауэ фэ птетщ, армырамэ, уи мыIуэхум ущIэупщIэнут. Зи мыIуэху зезыхуэм и щхьэм бэлагъ къохуэ, щIыжаIэр station аращ. ЦIыху мыгъасэращ бэлагъкIэ зэзыгъауэр. Уэ уи хьэщIэгъуэ щызэфIэкIым, «Тхьэм фигъэунэ!» жыпIэри уежьэжащ, уи мыIуэху зепхуакъым, уи мыIуэху ущIэупщIакъым. Аращ си пшэрыхь бэлагъкIэ ныщIозмыгъэуар.

Нарт щауэм игу зэгъауэ, нарт Мэжаджэ и пщIантIэ къыдэкIыжащ.

## Есэнокъуэ зэшищыр

Есэнокъуэхэ зэшищ хъурт, жаIэ: Уэзырмэс, Темыркъан, Уэзырмэдж сымэ. Щыри хъыжьэт, IэщакIуэт, леймыгъэгъут. «Есэнокъуэхэ леймыгъэгъущ» щIыжаIар а зэшищращ. Еуэри, зэраIуэтэжымкIэ, Чэфыщ зэшитIыр бий къахуэхъуащ Есэнокъуэхэ.

Бий зэхуэхъуауэ, Чэфыщхэ пцIы къатехьэри, хэкур ябгынэн хуейуэ жылэ хасэм унафэ ящIащ. Хэкур щIабгынэн хуей лажьэ яIэщIэщIатэкъым Чэфыщ зэшитIым, пцIы къатехьауэ арат. ПцIы къазэрытехьар Есэнокъуэхэ ящIэрт, ауэ, щыхьэт хъумэ, Чэфыщхэ хейуэ хэкIынути, зыри жаIакъым.

Чэфыщ зэшитIыр Есэнокъуэхэ кIуащ:

- ПцIы къызэрыттралъхьар фощIэ, щыхьэт фыкъытхуэхъу, дывихьэщIэщ, жаIэри.

ХьэщIэ яукI хабзэтэкъыми, Есэнокъуэхэ жаIащ:

- ТщIэр дыбзыщIынкъым, жылэ хасэр къыдэупщIмэ. Ди унэ фикIыжмэ, фыдибийщи, фхуэдгъэгъункIэ фыкъытщымыгугъ.

Есэнокъуэ зэшищыр щыхьэт хъури, Чэфыщхэ хейуэ хэкIащ. Хейуэ хагъэкIами, ялъ ящIэжыху, Есэнокъуэ зэшищыр Чэфыщхэ я ужь къикIакъым.

Есэнокъуэ зэшищым я лIыгъэм и хъыбар КIахэм щыщ пщы гуэрым деж нэIусащ. КIахэпщыр КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужь жыхуаIэрат. Хуабжьу мэхъашэу, шынэ жыхуаIэр имыщIэу апхуэдэт ар.

- Есэнокъуэхэ я лIыгъэр згъэунэхунщ,- жиIэри КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужь къэшэсащ, Есэнокъуэхэ я деж къэсщ, ирихулIэри джащ.

Зэшищым я нэхъыщIэр, Уэзырмэдж, унэм къыщIэкIри:

- Еблагъэ! - жриIащ.

- Хэт дэс? - къеупщIащ КъуийцIыкIуокъуэр, уанэгум здисым.

- Си закъуэщ, - жиIащ Уэзырмэдж.

Абдежым КъуийцIыкIуокъуэр къауэри, Уэзырмэджыр къиукIащ.

- Есэнокъуэхэ леймыгъэгъущ, ялъ зэращIэжым деплъынщ, - жиIэри.

Уэзырмэсрэ Темыркъанрэ къащыщIа гуаузр къыщащIэм, махуищ дауэдапщэм иужькIэ тIысри зэпсэлъащ:

- КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужь фIэкIа мыр дэ къыдэзыщIэфын щыIэкъым, - жиIащ Уэзырмэс.

Тэлай дэкIауэ, Уэзырмэс КъуийцIыкIуокъуэ Дэгужь кIэлъыкIуащ:

- СызыгъэлIыщIэн солъыхъуэ, - жиIэри.



НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар ТАБЫЩ Муратщ.

- Сыт уи лIыгъэ? - къеупщIащ щIалэм КъуийцIыкIуокъуэр.

- Шыбзыхъуэ сыпхуэхъунщ, шыгъашхэ сыпхуэхъунщ, - жиIащ Уэзырмэс.

- АтIэ, - къыжриIащ КъуийцIыкIуокъуэм, - зекIуэ сежьэн мурад сиIэщи, си шыр гъуэгуанэм хуэгъэхьэзыр.

Пщым и шыр гъуэгум хуигъэхьэзыращ Есэнокъуэ Уэзырмэс. ЗекIуэ щежьэм, КъуийцIыкIуокъуэм и шыгъашхэри зыщIигъуащ. Гъуэгум щигъэбэлэрыгъри, Уэзырмэс КъуийцIыкIуокъуэр иукIащ. Есэнокъуэ зэшищым я уэрэдым иужьым халъхьэжащ:

*КъуийцIыкIуокъуэр щIэзгъафэри,*
*Афэ псыгъуэр къыщысхщ,*
*И тхыныхур зыхэлъым хыгъуэ -*
*Си гум дэгъуар дэкIащ*, - жаIэу.

Есэнокъуэ зэшищым мыпхуэдэ хъыбари къадокIуэкI.

Есэнокъуэхэ я фызыжьым и къуэхэр щигъэшэскIэ, яжриIэ зэпытт:

- Бийм фи щIыб хуэгъэзауэ фIылIэмэ, фыщIэслъхьэжынкъым!

Ар дэнэ къэна, хьэдэгъуэшэр къатехуауэ я псэр щыхэкIкIи хуэмыхугъэ къакъуэщауэ цIыхум ирамыгъэлъагъункIэ тхьэ иригъаIуэрт и къуищым, шэсын хъумэ.

Я анэм ирата псалъэр ягъэпэжыжащ зэшищым: нэхъыжьитIыр зауэм къыщаукIащ, нэхъыщIэр, и псэр пыт къудейуэ, шым къихьыжащ.

БжэщхьэIум къытехьауэ, фызыжьым къилъэгъуащ и къуэ нэхъыщIэр уанэгум къызэрихуар.

- И шынэхъыжьитIым ялъ ищIэжа? - щIэупщIащ фызыжьыр, бжэщхьэIум здытетым.

- ИщIэжащ, - къыжраIащ.

- Я адэм хуэфащэт, - жиIэри, фызыжьым и къуищыр щигъеижар абы иужькIэщ.

## ХЬЭМЫРЗЭ Ахьмэд:
# ЗгъэзэщIа ролхэр сщыщ Iыхьэ хъуащ

***Нобэ ди псэлъэгъущ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артист Хьэмырзэ Ахьмэд.***

**- Ахьмэд, мы гъэм фызэлэжьхэм я гугъу къытхуэпщIамэ ди гуапэт.**

- Къапщтэмэ, зы илъэси дэкIыркъым спектаклыщIэу плIы, тху дымыгъэуву, ауэ мы гъэм театреплъхэр нэхъыбэкIэ дгъэгуфIэну дыхуейщ. Ди режиссёрхэм ягъэувми, нэгъуэщI щIыпIэ режиссёр къэрашми, ди лэжьыгъэр театреплъым щIэщыгъуэ зэращытщIыным и Iуэху зыдохуэ.

**- Сыт хуэдэ а спектаклхэр?**

- Москва дэт, Щукиным и цIэр зезыхьэ театр институтыр къэзыухыу къэзыгъэзэжа ди щIалэгъуалэм я егъэджакIуэ Дубровская Аннэ къакIуэри, спектакль гъэщIэгъуэн дгъэуващ, Островский Александр и «Таланты и поклонники» пьесэм къытращIыкIауэ. Артист щIалэхэри нэхъыжьхэри хэтщ абы. Езы пьесэри ныбжькIэ гуэшауэ цIыху куэд зыхэт спектаклышхуэщ. Ар фIы дыдэу гъэува хъуауэ къызолъытэ. Утыку къызэритхьэри куэд щIакъым. Абы нэмыщIауэ, дыдэлэжьащ Осетие Ищхъэрэ - Аланием щыщ режиссёр щIалэ Джелиев Казбек. Абы игъэуващ Булгаков Михаил и пьесэм къытращIыкIа спектаклыр, ар «Иван Васильевич меняет профессию» фильмуи щыIэщ, Гайдай Леонид трихауэ. Спектаклым хэт дэтхэнэ артистри иджыри къэс гу зылъыдмыта джэгукIэ хьэлэмэтыщэ къигъэлъагъуэу мэджэгу. Абы нэмыщI, американ драматург Нэш Ричард и «Уэшх зыщэ» пьесэм къытращIыкIауэ, илъэс тIощIырыпщI ипэкIэ ягъэувауэ, щIэупщIэшхуи зиIауэ щыта спектаклыр къыдогъэщIэрэщIэж.

**- Ахьмэд, актёр IэщIагъэр дауэ къыхэпха хъуат?**

- IэщIагъэ схуэхъунум сэ куэдрэ сегупсысакъым. Ар си хъуэпсапIэу къекIуэкIырти, дзэм къулыкъу щысщIэщ, къэзгъэзэжри, ГъуазджэхэмкIэ Кавказ Ищхъэрэ и институтым актёр IэщIагъэм сыхуеджэну сыщIэтIысхьащ. Ар къыщызуха 1991 гъэм ди театрым лэжьэн щыщIэздзащ. Дэтхэнэ IэщIагъэми и пщIэр зыIэтыр а IэщIагъэр фIыуэ зылъагъу, зи псэм хэлъ абы и лэжьакIуэрщ. Артист псалъэм и мыхьэнэр сыт хуэдэ бзэкIэ зэпкърытхми, абы къикIыр утыкуакIуэщ. Адыгэбзэжь дыдэмкIэ дыIэбэнщи - хьэтиякIуэщ. Сэ мыпхуэдэу согупсыс: актёру ущыщытым деж, нэгъуэщI цIыхум и пIэм уиувэфыныр, абы и гъащIэр къэбгъэщIэфыныр Iэмал имыIэу къохъулIэн хуейщ. Ар уи лэжьыгъэу щыщыткIэ, бгъэзащIэ ролым нэгъэсауэ ухуэфащэу ущытыпхъэщ. Утыкум укъыхуигъэщIамэ, абы ехьэлIа гупсысэм зэи уиутIыпщын хуейкъым. Уи дуней зыхэщIэкIэр зы лъагапIэ гуэрым щынэсам деж, лэжьыгъэр фIыуэ умылъагъумэ, абы убгъэдэтыжыфынукъым.



**- БгъэзэщIа ролхэм ящыщу нэхъ гукъинэж пщыхъуахэм я гугъу уэзгъэщIынут.**

- «Хэхауэ мыр нэхъ гунэс сщыхъуащ» схужыIэнукъым. ЗгъэзэщIа ролхэр сщыщ Iыхьэ хъуащ. Ауэ, ролхэр зэхуэдэу фIыуэ плъагъуми, абы къикIыркъым псори зэхуэдэу къохъулIауэ. Сахэдэу сценэм зыгуэр щызгъэзэщIэжын хуей хъужыкъуэмэ, си фIэщ хъуртэкъым Нало Заур и «IэфIынэ и нэ фIыцIитIым» хэта Албэч и ролыр япэ измыгъэщыну. IэфIынэ сабийуэ псым къыхэзыхыжауэ щыта Албэч лъагъуныгъэ хуищIри, балигъыпIэм иувэхукIэ а гурыщIэр къыздрихьэкIащ. Албэч IэфIынэ хуищIа лъагъуныгъэм апхуэдизкIэ дзыхь трищIэртэкъыми, лъэбакъуэ лей счырэ сызыщымыгугъа пхъашагъэ гуэр кърикIуэмэ, жиIэу тегузэвыхьырт. А ролыр щызгъэзэщIам щыгъуэ сынэхъ щIалэт. ИкъукIэ сыдэзыхьэх ролхэм ящыщщ Налом и тхыгъэхэм хэт адрей лIыхъужьхэри. А тхакIуэм и IэдакъэщIэкIхэм щIилъхьэ гупсысэмрэ и бзэм и кууагъымрэ удамыхьэхын плъэкIыркъым.

**- ЦIыху Iейм и роль щыбгъэзащIэм деж уэ дауэ а щытыкIэм уиувэрэ?**

- Ролыр фIырэ IейкIэ зэхэздзыркъым. Дэтхэнэми и пIэм уиувэфу щытын хуейщ. ФIыи Iейи зэхэмылъ щыIэкъым. ХьэIуцыдзрэ пэт и шырыр епI, абы фIагъ гуэри бгъэдэлъщ. ЦIыхум ищIэм фIы е Iей гуэр кърокIуэ. Аращи, Iуэху Iей зылэжьам и пIэм сиувэн хуей хъумэ, сиувэфынущ. «Сэ мыбы щхьэкIэ нэгъуэщI нэкIэ къызэплъынущ», - жысIэу сегупсысыркъым. ЖызоIэри, мы IэщIагъэм сыт хуэдэ лъэныкъуэкIи ухуэмыхьэзыру урилэжьэфынукъым.

**- Театрым гъэсэныгъэ и лъэныкъуэкIэ ди гъащIэм увыпIэшхуэ щеубыд...**

- «Мы дунеишхуэр зэрыщыту театрщ, цIыхухэр абы щоджэгу», - жиIащ Шекспир. Театрым и мыхьэнэ нэхъыщхьэр цIыхухэм я нэгу зегъэужьыныркъым. Ар гъэсакIуэущиякIуэщ, цIыхур зыщIэзыгъэгупсысыж Iэмалхэм ящыщ зыщ.

Нэгум зегъэужьынри гъащIэм щыщ зы Iыхьэщ, ауэ театрыр цIыхур зыгъэгупсысэ, зезыгъэузэщI къаруу зэрыщытырщ япэ игъэщыпхъэр. ГъащIэр нэхъ гугъу хъуащ, абы ижь театрым къыщIехуу, игъэув спектаклхэми захъуэж. Псалъэм папщIэ, гушыIэхэр, цIыхум и гукъыдэжыр къэзыIэтыфынухэр нэхъыбэу утыку кърахьэ. Ауэ, цIыхухэм нэхъ яфIэфIым дытелажьэу, зыгъэгупсысэр лъэныкъуэ едгъэз хъунукъым. Пасэм щыгъуэ пьесэ зытхахэми, ар зыгъэувахэми гъэсэныгъэ гуэр цIыхум ябгъэдэслъхьарэт жаIэу апхуэдэ зыгуэр я пщэм дамылъхьэжамэ, театр мыхьэнэр иIэу зэфIэувэну щытауэ фIэщщIыгъуейщ. Мыпхуэдэу зыгуэрым жиIауэ щытащ: дохутырыр Iэпкълъэпкъым еIэзэмэ, артистыр псэм йоIэзэ. Ар пэжу къызолъытэ, сыту жыпIэмэ, Iэпкълъэпкъыр зэрыузым хуэдэ дыдэу псэри узыфынущ. Абы и хущхъуэгъуэр хуабагъэ, дахагъэ зыхищIэнырщ.

**- Адыгэ тхакIуэхэм яйуэ иужьрей зэманым сытым фелэжьрэ?**

- IутIыж Борис и «Хьэпэщыпхэр», «Эдипыр», Къаныкъуэ Заринэ и «Нагъуэ и унагъуэр», Нало Заур и «IэфIынэ и нэ фIыцIитIыр», Шортэн Аскэрбий и «Яшэмрэ къэзышэхэмрэ» спектаклхэр щIэрыщIэу дгъэувыжащ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди тхакIуэхэм я Iэдакъэм къыщIэкIауэ драматургие тхыгъэщIэ диIэкъым. НэгъуэщI лъэпкъхэм ящыщ тхакIуэхэм я пьесэхэри догъэув, ахэр адыгэбзэкIэ утыку къыдохьэ, абыхэм я лэжьыгъэхэри умыгъэлъагъуэу зыпхуэужьынукъыми.

**- КъардэнгъущI Зырамыку, Акъсырэ Залымхъан сымэ я пьесэхэр къэгъэщIэрэщIэжауэ утыку къихьэжамэ хъунтэкъэ?**

- Адыгэ псэлъафэ щыIэщ, зылI и ныбжь дунейм и зэхэлъыкIэм зимыхъуэжу къанэркъым, жиIэу. Ар дуней пщалъэщ. Нобэ къытфIэмыIуэхуж хъуахэри дыхуэныкъуэу къыщытщтэжыни къытхуихуэнущ. Абы и лъэныкъуэкIэ уегупсысмэ, ди театрым и нэхъыжьыфIхэм ягъэлъагъуэу щыта лэжьыгъэхэр IэщIыб дымыщIмэ нэхъыфIт. Ауэ ахэр утыку къызэрипхьэжыфым куэд елъытауэ щытынущ.

**- Республикэм къибгъуэтэнкъым Къэрмокъуэ Мухьэмэд и «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» Iуэтэжым къытращIыкIа кинофильмым емыплъа. Уеблэмэ иджыри «Чэмалышхуэкlэ» къоджэ яхэтщ цIыхубэм. А ролым теухуа уи гукъэкIыжхэмкIэ укъыддэгуэшамэ, ди гуапэт.**

- А фильмыр сыдихьэхыу сыщыджэгуахэм ящыщщ. Абы лъандэрэ илъэс тIощIым нэсами, ноби уэрамым сыщрикIуэкIэ «Лъагъуныгъэм и хьэтыркIэ» фильмым хэтар уэращ», - жаIэу сыкъыщагъэувыIэ щыIэщ. Ар гуапэ пщымыхъуу къанэркъым. Апхуэдэм уримыгушхуэни плъэкIкъым. Ауэ нэхъ лейуэ си напщIэ телъщ а тхыгъэр зей Къэрмокъуэ Мухьэмэд сызэрикъуажэгъур. Зы жылэжь дыкъызэрыдэкIари хэлъу къыщIэкIынущ а ролыр нэхъ зыхэсщIэу, псэкIэ си гъунэгъу дыдэу щIыщытым, къыщIызэхъулIам. Мыри къыхэзгъэщынут: фильмыр щытетхар Щхьэлыкъуэ къуажэщ, Апажэ СулътIан и унагъуэрщ. СулътIан и къуэш нэхъыщIэ Назир «Адыгэ псалъэ» газетым щылэжьащ. Назиррэ Мухьэмэдрэ фIы дыдэу зэрыцIыхурти, абы и фIыгъэкIэт кинор Апажэхэ щIыщытрахари. А фильмым щыфлъэгъуа джэдкъазри, Iэщри, жыг хадэри а унагъуэм яйт. Ягъэлъэгъуэн папщIэ зыри къэрашэлIатэкъым. НэфIыцIэрэ сэрэ ди сценэр щытетха пэш цIыкIур сигу къокIыж. Iуэхур щекIуэкIыр СулътIанрэ и щхьэгъусэ дунейм ехыжамрэ я пэшырт. СулътIанрэ и щхьэгъусэмрэ къызэдагъэщIа илъэсхэм я фэеплъ дахэу лIыжьым ихъумэ пэшыр, абы щIэт унэлъащIэ ямыгъэхъеяхэр дэ ди лэжьыгъэкIэ къыдигъэгъэсэбэпауэ щытащ. Лъагъуныгъэм и хьэтыр лъапIэщ ар. Плъагъуркъэ, езы гъащIэмрэ фильмымрэ я мыхьэнэр хьэлэмэт гуэру зэхуэкIуат.

**- Ахьмэд, фIыщIэ пхузощI зэман тхухэпхыу укъызэрытхуеблэгъам папщIэ. Уи мурадхэр, хъуэпсапIэхэр Тхьэм къыпхузэпищэ!**

*Епсэлъар* **НАФIЭДЗ Мухьэмэдщ.**





# СурэтыщI цIэрыIуэр зыхэхуа хьэлэбэлыкъыр

**УФ-м щIыхь зиIэ и художник, КъБР-м и цIыхубэ сурэтыщI, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием хэт, ЩIДАА-м, европей академие зыбжанэм я академик КIыщ Мухьэдинрэ и щхьэгъусэ икIи и арт-менеджер Мосс Жаклинрэ Налшык Кулиев Къайсын и цIэр зезыхьэ проспектым щаухуагъащIэ, къат куэду зэтет псэупIэ унэ №13 а-м 2018 гъэм къыщащэхуащ 42-нэ фэтэрыр. Хабзэм тету, я цIэкIэ ар ирагъэтхыну яужь щихьэм, нэхъ ипэIуэкIэ а унэр тIэунейрэ ящауэ къыщIэкIащ. Зэщхьэгъусэхэми нэхъапэIуэкIэ а фэтэрыр зращауэ щыта цIыхуитIми Налшык къалэ судым Iуэхур щызэхагъэкI, дэтхэнэми я хуитыныгъэр хеящIэм деж щыпхагъэкIыну хущIэкъуу.**

КЪЫЗЭРЫЩIЭКIЫМКIЭ, фэтэрыр къыщащэхуа IуэхущIапIэм и лэжьакIуэу щытам, хуитыныгъэ имыIэ пэтми, псэупIэхэр зэрищэм щыхьэт техъуэ тхылъхэм езым Iэ щIидзыурэ гъэпцIагъэкIэ ахъшэр зыIэригъэхьащ. УнафэщIым и Iизыншэу апхуэдэу ища фэтэрхэм я уасэр ухуакIуэм Iэрыхьакъым. КъызэрабжамкIэ, фэтэр къэзыщэхуа цIыхухэм я сом мелуан 20-м щIигъу щIэпхъаджащIэм и жып ирилъхьащ.

Испанием щыпсэу, Налшык щIэхщIэхыурэ къэкIуэж ди хэкуэгъу сурэтыщI цIэрыIуэм куэд щIауэ и хъуэпсапIэт и лэжьыгъэхэр щихъумэн музей къызэIуихыну. Аращ метр зэбгъузэнатIи 140-рэ хъу фэтэрыр зэщхьэгъусэхэм «Республикэм и ипотекэ агентствэ» IуэхущIапIэм и деж къыщащэхуным щхьэусыгъуэ хуэхъуари. Нэгъабэ фэтэрым и IункIыбзэIухыр Мухьэдинрэ Жаклинрэ къаIэрыхьэжащ икIи ар зрагъэхьащ.

Иужьрей илъэс щэщIым Испанием щыпсэу сурэтыщIым и ныбжьыр илъэс 80-м щхьэдэхащ. И лэжьыгъэхэр цIыхубэм къахуигъэнэн мурадкIэ, къызэIуахыну яубзыхуа, КIыщ Мухьэдин и цIэр зезыхьэну унэ - IуэхущIапIэм щызэхуахьэсащ сурэтыщIым и Iэдакъэ къыщIэкIахэмрэ и библиотекэмрэ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым музей къыщысхузэIуахыну илъэс зыбжанэ хъуауэ сыкъагъэгугъэми, а Iуэхур кIуатэртэкъым. Зэгуэр абыкIэ сыкъызэрагъэгугъам дамэ къыстригъакIэри, илъэс зыбжанэм и кIуэцIкIэ гугъуехьхэр пылъу, мылъкушхуи текIуадэу си лэжьыгъэ мин Испанием къисшыжат, си хэкуэгъухэм ахэр къазэрыхуэзгъэнэным гукъыдэж къызиту, - игу къегъэкIыж Мухьэдин. - Иджырей гъуазджэхэм я музей ди щIыналъэм зэрыщымылажьэр си жагъуэт. ИтIанэ, си артфондыр республикэм къыхуэзгъэнэным ехьэлIа си хъуэпсапIэр къыщызэмыхъулIэм, фэтэрыр дэрдэру къэтщэхужри, апхуэдиз сурэтыр, гъуазджэмкIэ тхылъхэр си мастерскойм щIэмыхуэу, гаражым нэгъунэ щысхъумэн хуей хъурти, фэтэрым дгъэIэпхъуат. Ауэ, аргуэру Iуэху зэIумыбз къытехъуащ...

КIыщ Мухьэдин къыщыщIа щIэщхъум игъэгузавэу республикэм и гъуазджэ, щэнхабзэ IэнатIэхэм пэрыт цIыху гупым (Црым Руслан, Бгъэжьнокъуэ Заурбэч, ХьэIупэ ДжэбрэIил, Ацкъан Руслъан, Джэрыджэ Арсен, Гъут Iэдэм, ГъущIапщэ Арсен, Котляров Виктор сымэ, нэгъуэщIхэми) КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек тхыгъэ хуагъэхьащ, гъуазджэ, щэнхабзэ зэхыхьэхэр, выставкэхэр къыщызэрагъэпэщын, а унэтIыныгъэхэм щIыналъэм зыщрагъэужьын папщIэ зэщхьэгъусэхэм къащэхуа фэтэрым зэрыхуитыр суд пащхьэм щызэхагъэкIын хуей зэрыхъуар зэрымызахуагъэм къыхэкIыу. Республикэм и Iэтащхьэм абыхэм зыхуагъэзащ Iуэхур щызэхагъэкIкIэ щIыналъэм щэнхабзэм зыщегъэужьынымкIэ КIыщ Мухьэдин и унэ-IуэхущIапIэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къалъытэну. Ар литературэ, макъамэ пшыхьхэр, концертхэр щебгъэкIуэкIыну, художникхэм, тхакIуэхэм, музыкантхэм я кIуапIэ пщIыну уасэ зимыIэщ. Апхуэдэ IуэхущIапIэм къызэрымыкIуэу ди къалащхьэр зэрыхуэныкъуэр къыхагъэщ КъБР-м и Iэтащхьэм зыхуэзыгъэзахэм.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# КIуэдыжыпэнкIэ шынагъуэ

**Къурш бжэныр зэ зылъэгъуам абы и теплъэр щыгъупщэжынкъым. Езыр инкъым, и лъагагъыр сантиметр 65 - 70-м, и кIыхьагъыр сантиметри 125 - 135-м, и хьэлъагъыр килограмм 32 - 36-м нос. И пкъым зыри лейуэ кIэрылъкъым. ЦIыхур дэзыхьэхыу, и дахагъэр иригъэгъэщIэгъуэн папщIэ къигъэщIа хуэдэщ ар.**



КЪУРШ бжэныр хуабжьу щтэIэщтаблэщ, цIыхухэми нэгъуэщI псэущхьэхэми гъунэгъу захуищIыркъым. Ар къызыхэкIыр и бийхэм зэрапэувыфын Iэмал зэрыбгъэдэмылъырщ. И гъащIэр бгыщхьэхэм нэхъ щегъакIуэ, и фIалъэхэм я быдагъми Iэмал кърет мывалъэхэм хуиту къыщижыхьыну. КъызэрыфIэIуэхущэ щымыIэу, метри 5 - 7 зи бгъуагъ бгы зэгуэзыпIэхэр тыншу къызэренэкIыф. Хуабжьу зэрысакъым къыхэкIкIэ, гурыщхъуэ зыхуищIын гуэр гъунэгъу къызэрыхуэхъуу, фий макъ ину къегъэIу. ЩIымахуэм тафэм къох, гъэмахуэм къуршым йохьэж. Мы псэущхьэм дэтхэнэ зы бгылъэ щIыпIэми ущрихьэлIэркъым, адэкIэ-мыдэкIэ гуп-гуп цIыкIухэурэ щыхэгуэшащ. И шхыныгъуэр удзхэмрэ къуацэ-чыцэхэмрэщ.



Къурш бжэнхэр илъэс 15 - 18 хъуху псэун хуейуэ хуагъэфащэ, арщхьэкIэ ахэр куэдкIэ нэхъ пасэу яукI - цIыхухэмрэ хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ яIэщIокIуадэ. Ди бгылъэ щIыпIэхэм мы псэущхьэр япэ зэманхэм куэду ису щытамэ, иджы щымащIэщ. Дахуэмысакъмэ, къэнэжа тIэкIури кIуэдыжыпэныр зыми хуэIуакъым.

**АБАЗОКЪУЭ Ахьмэд.**

# 5:0-м иплэкlэ 1:1-уэ

**«Спартак-Налшык» (Налшык) - «ТIуапсы» (ТIуапсы) - 1:1 (1:1). Налшык. «Спартак» стадион. ЩэкIуэгъуэм и 5-м.**

**Судьяхэр**: Смирнов (Кисловодск), Харченкэ, Новиков (тIури Дон Iус Ростов).

**«Спартак-Налшык»**: Къардэн, Шумахуэ, Ольмезов, КIэдыкIуей, Сындыку, Дэхъу (Торосян, 46), Хьэшыр, Жангуразов (Бажэ, 75), Черткоев (Ульбашев, 81), Бэчбо, ЛIуп.

**«ТIуапсы»**: Тимофеев, Запорожцев, Никулин (Макаров, 24), Кабулов, Кошелев, Деметрадзе, Тюфяков, Андриевский, Руденкэ, Еркин, Пацекин (Евстигнеев, 67).

**Топхэр дагъэкIащ**: Хьэшырым, 13 (1:0). Еркиным, 23 (1:1).

**Дагъуэ къыхуащIащ** Бэчбомрэ Черткоевымрэ.

**Джэгум къыхахуащ** Деметрадзе. (16-нэ дакъикъэм).

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм хыхьэу мэрем блэкIам «Спартак-Налшыкым» кърихгъэблэгъащ «ТIуапсы»-р.

Командэхэм жыджэру джэгур къыщIадзащ. ЗэпэщIэтыныгъэр напIэзыпIэм зы лъэныкъуэмкIэ къикIыурэ адрейм къыщыхутэрт. Дэтхэнэри хущIэкъурт псынщIэу бжыгъэр къызэIуихыу тепщэныгъэр иубыдыну. Апхуэдэ Iэмал япэу къызыхуихуар хэгъэрейхэрщ. Еханэ дакъикъэр екIуэкIыу Хьэшыр Алан къыхита топыр штрафнойм ит КIэдыкIуей Хьэким къыIэрыхьащ. Иужьыр лъэщу зэуа топыр хьэщIэхэм я гъуащхьэтетым къищтащ.

Куэд дэмыкIыу ди щIалэхэм къыхата угловойм «Спартак-Налшыкыр» япэ иригъэщыфыну щытащ. Штрафнойм иту топыр къызыIэрыхьа Ольмезовыр лъэщу гъуэмкIэ еуащ. Гъуащхьэтетым IэщIэкIа топыр гъуэм дэт «ТIуапсы»-м и футболистхэм ящыщ зым и лъакъуэм техуэри къигъэлъеижащ.

ИкIэм-икIэжым, хэгъэрейхэм я гугъуехьым ехъулIэныгъэ къахуихьащ. ЕпщыкIущанэ дакъикъэр екIуэкIыу налшыкдэсхэм я къыкIэлъыкIуэ егъэрыкIуэныгъэм хэту ди щIалэхэр зэуа топыр тIуапсыдэсхэм я гъуащхьэтетым и пащхьэм деж къыщригъэгъэзащ. Абы япэу нэсу кIэлъеуэжа Хьэшыр Алан и командэр япэ иригъэщащ - 1:0.

ПсынщIэу бжыгъэр къызэрызэIуихам «Спартак-Налшыкым» нэхъри жыджэрагъ къыхилъхьащ - зэпыу имыIэу хьэщIэхэм я гъуэм ар егъэрыкIуэрт. Абыхэм ящыщ зым топыр зыIыгъыу япэ иту жэ ди щIалэм лъэщIэмыхьэ Деметрадзе хабзэр къызэпиуду фIэкIа егъэрыкIуэр къыхуэгъэувыIакъым. Арати, хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэр джэгум къыхахуащ.

Нэхъ мащIэу къэна «ТIуапсым» и къару псори зыхуиутIыпщар зыхъумэжыныгъэращ. Джэгур псори щекIуэкIыр абыхэм я лъэныкъуэрат. Щхьэзакъуэ тепщэныгъэр къызыIэрыхьа налшыкдэсхэр зэрыкомандэу я хьэрхуэрэгъухэм я дежкIэ кIуэтат. Апхуэдиз Iэмал ди щIалэхэм къахукъуэкIати, 5:0-у япэ ищыфын хуеящ.

АрщхьэкIэ бжыгъэр гъэбэгъуэным зи нэр къыщхьэрипхъуа «Спартак-Налшыкым» набдзэгубдзаплъагъэр фIэкIуэдащ. Ар псынщIэ дыдэу къагъэсэбэпащ хьэщIэхэм. «ТIуапсы»-м къызэригъэпэща контратакэ псынщIэм хэту топыр къыIэрыхьащ Еркиным. Налшыкдэсхэм я штрафнойм имыхьэ щIыкIэ ар лъэщу зэуа топым ди гъуащхьэтет Къардэн Имран хуэхьэзыртэкъым - 1:1.

Бжыгъэр зэхуэдэ хъужа нэужь щытыкIэр я Iэмыщ1эм иралъхьэжащ хэгъэрейхэм. Дакъикъэ зыбжанэ нэхъ дэмыкIыу Хьэшырым IэмалыфI дыдэ къыхукъуэкIат, арщхьэкIэ ар зэуа топыр хьэщIэхэм я гъуащхьэтетым угловойм игъэкIуащ. Япэ Iыхьэр имыух щIыкIэ «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр игъэбэгъуэну иджыри Iэмал куэд иIащ, арщхьэкIэ дэтхэнэ зы топри гъуэм зымащIэкIэ блэлъэтырт.

ЗэIущIэм и етIуанэ Iыхьэри япэм и кIэухым къыпищэу къыщIидзэжащ - хэгъэрейхэр егъэрыкIуэрт, хьэщIэхэм захъумэжырт.

Джэгум зэрыщIидзэжрэ дакъикъэ зыбжанэ фIэкIа дэмыкIауэ Черткоевыр зэуа топыр гъуэм щхьэпрылъэтащ. Абы къыкIэлъыкIуэу штрафнойм щихьэм лъэщу еуащ, аргуэрыр сантиметр бжыгъэкIэ штангэм блэлъэтащ.

АдэкIи зэкIэлъхьэужьу зыбжанэрэ топ дагъэкIыну Iэмал къахукъуэкIащ Ольмезовым, Хьэшырым, Жангуразовым, ауэ дэтхэнэ зыми ар къехъулIакъым. Апхуэдэ щIыкIэкIэ командэхэр зэрытемыгъэкIуауэ, япэ Iыхьэм щыдагъэкIа топитIым къыхамыгъэхъуэфауэ, зэпэщIэтыныгъэр иухащ.

ЕпщыкIущанэ джэгугъуэм и адрей зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) - «**Черноморец**» (Новороссийск) - **2:2**, «**Легион-Динамо**» (Мэхъэчкъалэ) - «**Динамо**» (Ставрополь) - **0:0**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - **СКА** (Дон Iус Ростов) **0:2**, «**Чайка**» (Песчанокопскэ) - «**Ротор-2**» (Волгоград) - **3:1**, «**Дружба**» (Майкъуапэ) - «**Форте**» (Таганрог) - **1:2**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Ставрополь щригъэкIуэкIынущ. ЩэкIуэгъуэм и 13-м ар IущIэнущ абы и «Динамо»-м.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| | Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **1.** | **СКА** | **16** | **14** | **1** | **1** | **32-8** | **43** |
| 2. | «Чайка» | 16 | 11 | 3 | 2 | 35-10 | 36 |
| 3. | «Форте» | 16 | 10 | 5 | 1 | 29-12 | 35 |
| 4. | «Динамо» Мх | 15 | 10 | 4 | 1 | 25-7 | 34 |
| 5. | «Анжи» | 15 | 9 | 1 | 5 | 23-9 | 28 |
| 6. | «Черноморец» | 16 | 7 | 4 | 5 | 27-17 | 25 |
| 7. | «Кубань-Холдинг» | 15 | 6 | 4 | 5 | 16-15 | 22 |
| **8.** | **«Спартак-Налшык»** | **16** | **5** | **7** | **4** | **17-12** | **22** |
| 9. | «ТIуапсы» | 16 | 6 | 2 | 8 | 18-22 | 20 |
| 10. | «Динамо-Ставрополь» | 16 | 5 | 4 | 7 | 23-20 | 19 |
| 11. | «Мэшыкъуэ-КМВ» | 17 | 5 | 4 | 8 | 25-24 | 19 |
| 12. | «Биолог-Новокубанск» | 16 | 5 | 4 | 7 | 23-21 | 19 |
| 13. | «Легион-Динамо» | 16 | 4 | 6 | 6 | 15-13 | 18 |
| 14. | «Ротор-2» | 16 | 4 | 2 | 10 | 15-29 | 14 |
| 15. | «Дружба» | 16 | 2 | 5 | 9 | 11-27 | 11 |
| 16. | «Алания-2» | 15 | 1 | 3 | 11 | 13-45 | 6 |
| **17.** | **«ЕсэнтIыгу»** | **17** | **1** | **1** | **15** | **8-64** | **4** |

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

Езыгъэтхахэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинымы и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-60-53, 42-22-89; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-75-78, 42-63-64.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI 12+

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Ныр Саидэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 • Тираж 1.849 • Заказ №2475